ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№62 (22.220) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым зэреджэр зэхъуэкlын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ совету.

2. Къэщтэн мы Указым щыIгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым теуруа Положенэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэр.

3. Къару ямыIэжу къэпытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къыдигъэкIа Указ №112-УП-м и пункт 2-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къыдигъэкIа Указ №112-УП-мкIэ къыщIэкIа, зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьаным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа Указ №145-УП-м.

4. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм гъатхэпэм и 6-м
№46-УГ.

(Указым и гуэдзэнхэр 2-нэ нап. тетщ)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмымкIэ и комитетым и унафэщIыр хэхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22 статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еIы:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхьын Сумаев Ахьмэт Хьрун и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм гъатхэпэм 29-м
№1065-П-П

«2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм иIа щытыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и докладым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еIы:**

1. «2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм иIа щытыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и докладыр къэщтэн.

2. «2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм иIа щытыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и докладыр электрон тепльэ иIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и официальнэ сайтым ильхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм гъатхэпэм 29-м
№1091-П-П

Гъуазджэ Iуэхущlапlэм и теплъэщIэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ЗэIущIэр щекIуэкIым.

Налшык Сурэтышl гъуазджэмкIэ дэт музейм и пэшхэр зыхуей хуагъэхауэ пэрем кIуам кьызэIуахьыжащ. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан, УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм хэгъэуэгу зыужьыныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI Шубин Юрий, Ткаченкэ Александр сымэ лентI пльыжьыр зэпаупщIри, зэIущIэм кьрихьэлIа псори сурэтышI щIэрыIуэ, егъуэджакIуэ нэс Ткаченкэ Андрей и щIэр зыфIаща гъуазджэ Iуэхущlапlэм щIыхьащ.

БлЫнХЭМ фIэтыщ Ткаченкэ Андрей и гъэсэн сурэтышIхэм я Iэдакъэщlэжьlхэр, музейм и гъэтIыпыныгъэхэм кьыхахахэр. Абыхэм кьагъэпъагъуэ ди щIыналъэм и дахагъэр, и щIыуэпс щIэращIэр, и цIыху щIыкIафIэхэр, сурэтышIым и псэр дзэзыхьэхьу, и гур зыгъэгуфIэу илъагъу лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр. Абыхэм кьыщыгъэсебэпа пэтыфэбэм, ящIэпъ гупсысэ куум, удихьэхуагъ зэрыщIэщыгъуэм уегъэгушхуэ.

Гъэпъэгъуэныгъэр кьызэIуихащикIи зэIущIэр иригъэкIуэкIащ **Фырэ Руслан**.

- Сурэтышl гъуэзджэ кьызэрыщIыкIа куэд зыгъэса Ткаченкэ Андрей и щIэр мы Iуэхущlапlэм фIащыну хуейуэ абы и гъэсэнхэмрэ и гуащIэм дихьэхэмрэ кьыщIахалъхьар нобэ хуэдэщ. Ар ди республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен щыжесIэм, псалъэ кьыхигъэкIакъым, апхуэдэ гулыытэ Андрей и фэеплъым зэрыхуэфащэм зыкIи шэч кьытримыхьыу арэзы техьауащ, - жиIащ Фырэм.

Апхуэдэуи министрыр ехъуэхъуащ Ткаченкэ зи пашэу щытахэм, абы и цIэр зыфIаща музейм и пэшхэр дахэу, нэхуу зрезыгъохьа и къуэ Александр, и фэеплъыр зыхъумэ и щхьэгъуэ Надеждэрэ ипхъу Маринэрэ, зэIущIэм кьрихьэлIа псоми.

Псалъэ ниратащ ди республикэм и хьэщIэ, музейр кьыщызэIуахьыжым ирихьэлIэу лIыкIуэ кьащIа Шубин Юрий.

- Щэнхабзэм хуэфащэ гулыытэ щыхуамыщI ди зэманым мыпхуэдэ Iуэхущlапlэ кьызэIупхын жьхуэпIэр Iуэху цIыкIукъым, - жиIащ абы. - Гъэлъэгъуэныгъэм хэлъ лэжьыгъэхэр щIалэгъуалэр зыщIигъуэзэн хуей зыгъэпсэхупIэ хадэм деж щыт МафIэ мыужьыхым Iухьащ. Мыбдежым пэкIу щIыщIэ Iуэху зэхаублэным теухуауэ. Министерствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Ерчэн Темболэт кьызэхуэсахэм заохуигъэзащ:

- Фэ фызыхэт Iуэхугъуэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ щхьэпэщ, - жиIащ абы. - Япэрауэ, абы егъэлапlэ ди къралыр Совет Союзу щыщIэ лъэхъэнэр. ЕтIуанэрауэ, Хэкур хьумэжыным зи псэр щIэзыта цIыхухэм, зауэ гущIэгъуншэм лажьэншэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр дяпэкIи тщымыгъупщэным псори дыкьыхуреджэ.

Ерчэным и псалъэм кьыпищэу, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Кладько Игорь мыпхуэдэу жиIащ:

- Мы Iуэхугъуэм зы тхыдэ гъуэгуанэ кьызэдэзыкIуа лъэпкъхэр нэхьри зэкъуэгъуэвэ, я зэхуакъ дэль ныбжьэгъугъэ егъэбыдэ, ди нобэрей щIэблэр хэкупсэу щытыным хуегъасэ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Ткаченкэ Маринэ утыку къохьэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм хэт лэжьыгъэхэр.

Дунейм щыхъыбархэр

Туркым и закъуэу

ООН-мрэ Хьэрыр Къэралыгъуэхэм я Лигэмрэ (ЛАГ) я лIыкIуэу Сириемрэ Аннан Кофи и планыр Сириемрэ мыгъэзащIэмэ, абы и правительствэм зэрыпэщIэувэну Iуэхугъуэхэр и закъуэ къарукIэ илъэжьыну Туркым зегъэхъэзыр.

А Iуэхухэм дыгъуасэ щытепсэлтыхьым, Туркым и премьер-министр Реджеп Тайип Эрдоган пыухыкIауэ кьитэлъэгъуакьым ялжьыну зи ужь итыр сытми, ауэ кьыхигъэщащ мэлыжьыхьым и 10-м Сириемрэ дзэм къалэхэр ябгьнэным зэрыпэплъэр. А пIалъэм ирихьэлIэу Асад Башар и правительствэм я къадэнэр имыгъэзащIэмэ, Туркыр Iуэхум хьыхьну аращ.

Сириемрэ къаугъэр зэрыщекIуэкI илъэсым кьриубыдэу, къралыр гъунапкъэхэр зэпаупщIри, Туркым къэIэхъуащ щыху мин 24-м щIигъу. Апхуэдэу зи хэку зыбгьнэхэм я бжьыгъэ щыху мини 100-м нэсыфынущ, зауэр Сириемрэ щызэграмыгъэувыIэмэ. Туркым зигъэхъэзырыкъым и къралгъунапкъэхэр зэхунщIыну, ауэ къэIэпхъуэхэрэ жьажьэ игъакIуэркъым - а гъунапкъэхэм пэгъунэгъуу чэтэн пщыIэхэм я къалэ щаухуауэ, хэкур зыбгьнэхэр абы зэкIэщопсэу.

Къаугъэр зэтеувыIэну гугъэ уегъэщI Сириемрэ и дзэм къалэхэр мэлыжьыхьым и 10-м ибгьнэу, мэлыжьыхьым и 12-м оппозицэм Iэщрэ игъэтIылъын хуейуэ Аннан Кофи кьыхильхьа Iуэхум. Ауэ дзэр зыдэкIыж къалэхэр оппозицэм зэримыубыдыжьнумкIэ абы и унафэщIхэм Iэ зыщIадза щыхьэт тхыль Асад Башар ООН-м пеубыд.

Президент яIэщ

Осетие Ищэм и Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм (ЦИК) и унафэщI Плиевэ Бэллэ зэрыжIамкIэ, президент хъыныгъэхэм я етIуанэ Iыхьэм щытекIуащ КГБ-м и унафэщIу щыта Тибилов Леонид. Абы и телъхьэу Iэ зыIэтар процент 54,12-м щIегъу.

Хэхыныгъэхэм абы кьыщыпэщIэта Санакоев Давид и телъхьэу Iэ зыIэтар процент 42,65-рашI. IэIэтым кьеIуэлIащ зи ныбжькIэ абы хэтыну хуитхэм я процент 71,26-р.

ЩIэныгъэлIхэм я мурадыр

Урысейм и щIэныгъэлIхэм я мурадщ 2020 гъэ щIондэ Апофис астероидым и деж спутник Iэрыщ яутIыщыну. Абы астероидым кьыхуигъэнэну спутник-гъуаэр.

ЩIэныгъэлIхэм кьызэрапытэмкIэ, метр 300 зи хъуреягъ Апофисым нэхьрэ щIым и дежкIэ нэхь щыныгъуэ нобэ хьэрщ псом щыIэкъым. Ар 2029 гъэм щIым блэлъэныи хуейщ километр мин 36-рэ хуэдизкIэ фIэкIа пэмыжьыжьу. Апхуэдизкlэ драутIыпщIыкьейуэ аращ геостационарнэ спутникхэр. ЩIымрэ астероидымрэ апхуэдэу зэпэгъунэгъу хьуа нэужь, Апофисым и орбитэр нхъуэжу, 2036 гъэм, етIуанэу щIым щыблэлъэткIэ, аэрэ зэжьхэзэунэр зыхуэIуа щыIэкъым.

Астероидым кьихь шыныгъуэ къэмыгъэхъуным йолэжь США-ри Евросоюзри, ауэ зэкIэ Урысейм и щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэр нэхъ жьжьэ кIуэтащ. АбыкIэ сэбэн хьуащ «Фобос Грунт» проектыр, а Iэрыщ спутникыр зыхуауатIыщщам и деж нэмысу къеухуэну щыта пэтми.

НОБЭ

n 2010 гъэм Смоленск къыщеуэха кхъухьлъатэм ису хэкIуэдащ Польшэм и президент Качинький Лехрэ а къралым и политик, дзэзешэ нэхъыщхьэхэмрэ.

n 1922 гъэм Генуе (Италие) щекIуэкIащ экономикэмрэ финансхэмкIэ дунейпсо конференц. Абы хэта капиталист къэрал 28-м япэу Совет Урысейм и лIыкIуэхэри я гъусащ.

n Илъэс 40 и пэкIэ Москва, Лондон, Вашингтон къыщыхэIуахащ бактериологическэ Iэщэ щымыгъэIэныкIэ ООН-м и Конвенцэр.

n Илъэси 10 и пэкIэ лэжьэн щIидзащ терроризмым мылъку хуэунтIыпщыным ебэныныкIэ дунейпсо конвенцэм.

n Мэлыжьыхьым и 10 - 13-хэм Пекин (КНР) щызэхэтынущ щIыдагъэмрэ газымкIэ Урысейм, Китаймрэ Къзахъстанымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкI VI зэIущIэр.

n 1964 гъэмягъуэщ «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м и щIыхьэ усакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» щIэлъапIэхэр.

n 1945 гъэм **Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и ЛIыхъужь щIэр къыфIащащ.

Дунейм и щытыкIэнур

meteonovosti.ru сайтым къызэриты мкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIытынущ, хуабэу махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыIэнущ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 30-м, къухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 43-м.

Хьэуам и псыIагъэр кьиIасэнущ процент 38 - 76-м.

ПIалэмэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Хейм и лъэ мэув.

ТекIуэныгъэм и гъуэгуанэ

● 1945 - 2012

«ТекIуэныгъэм и гъуэгуанэхэмкIэ» зыфIаща дунейпсо автомобиль зекIуэр щэбэт кIуам ди республикэм и щIыналъэми кIуэщIрыкIащ. А Iуэхугъуэр трауауащ Хэку зауэшхуэм совет цIыхубэм ТекIуэныгъэ кьызэрыщихьрэ илъэс 67-рэ зэрырикъум.

ХьэщIэхэр дзэлыкъуэдэсхэм ирагъэблагъэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

УРЫСЕЙ Федерацэм, Украинэм, Белоруссием я лIыкIуэхэр зыхэт гупым Тамбукъан гуэлым и деж гуапэу щаIуащащ Дзэлыкъуэ уелей администрацэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ ЭекIуэрей Алий, ДОСААФ-м и Дзэлыкъуэ куей кьудамэм и Iэтащхьэ Бырмамыт Хьэбас, куей администрацэм щэнхабзэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Кьуэ Хьызыр, КъБР-м и «Зауэлъ зэкъуэшхэр» жьылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр, нэгъуэщIхэри.

ЭекIуэрей Алий хьэщIэхэм фIэхъус ярихри, жиIащ мы Iуэхур кьезыхьэжьахэм фыщIэ зэрахущIыр.

- Хэку зауэшхуэм хэта ди нэхъыжьыфIхэр зыщыбмыгъэтыщэну, щIэблэм евгъэщIэну яужь фитщи, ар гуапэщ. Сынывохьуэхьу пщэрыльъ зыщыфщIыжа гъуэгуанэ кIыхьыр кьывэхьулIэну, пIалъэу зыхуэзвгъэувыжа нанкьыгъэм и 8-м ирихьэлIэу Мэзкуу фыдыхьэну.

Адыгэ фащжIэ зэщыхуэпы-кIа щауэмрэ пщащэмрэ яубла джэгум хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ эздыхэтри, машинэхэм итIысхьэжащ икIи зы сыхьэтым и кIуэщIкIэ кьэсащ Налшык и дэлъэдапIэм. Гъуэгурыкlуэхэм мыбдежым гуапэу кьащыпежьащ фащэ дахэхэр кьызыщыщылыдыкI адыгэ шухэр. АдэкIэ щыкIуатэм, хьэщIэхэм кьапежьащ КъБР-м жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхухэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Пащты Борис, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Тюбеев Хьызыр, нэгъуэщIхэр. Гъуэгуанэ тетхэм мыбдежми хьэщIагъэ щрахащ: махъшмэрэ щыгъупластэрэ Iуагъэхуащ, ди льэпкъ макьамэхэм щIагъэдэIуащ.

Абы и ужькIэ Налшык кьыдыкъэхэри, «Стрелка» хьэблэ дэльдапIэм и деж щыт, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр льэпкъ шууей дивизэм и фэеплъым хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ удз гъэгъахэр тралъхьащ.

КIуэрыкIуэм тету нэхьри ин эзрыгъэхьуа гупыр ХьэтIохьущокьуэм и цIэр зезыдахэу, нэхуу зрезыгъохьа и къуэ Александр, и фэеплъыр зыхъумэ и щхьэгъуэ Надеждэрэ ипхъу Маринэрэ, зэIущIэм кьрихьэлIа псоми.

Псалъэ ниратащ ди республикэм и хьэщIэ, музейр кьыщызэIуахьыжым ирихьэлIэу лIыкIуэ кьащIа Шубин Юрий.

- Щэнхабзэм хуэфащэ гулыытэ щыхуамыщI ди зэманым мыпхуэдэ Iуэхущlапlэ кьызэIупхын жьхуэпIэр Iуэху цIыкIукъым, - жиIащ абы. - Гъэлъэгъуэныгъэм хэлъ лэжьыгъэхэр щIалэгъуалэр зыщIигъуэзэн хуей зыгъэпсэхупIэ хадэм деж щыт Мафlэ мыужьыхым Iухьащ. Мыбдежым пэкIу щIыщIэ Iуэху зэхаублэным теухуауэ. Министерствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Ерчэн Темболэт кьызэхуэсахэм заохуигъэзащ:

- Фэ фызыхэт Iуэхугъуэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ щхьэпэщ, - жиIащ абы. - Япэрауэ, абы егъэлапlэ ди къралыр Совет Союзу щыщIэ лъэхъэнэр. ЕтIуанэрауэ, Хэкур хьумэжыным зи псэр щIэзыта цIыхухэм, зауэ гущIэгъуншэм лажьэншэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр дяпэкIи тщымыгъупщэным псори дыкьыхуреджэ.

Ерчэным и псалъэм кьыпищэу, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Кладько Игорь мыпхуэдэу жиIащ:

- Мы Iуэхугъуэм зы тхыдэ гъуэгуанэ кьызэдэзыкIуа лъэпкъхэр нэхьри зэкъуэгъуэвэ, я зэхуакъ дэль ныбжьэгъугъэ егъэбыдэ, ди нобэрей щIэблэр хэкупсэу щытыным хуегъасэ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

● Къэрал Iуэхущlапlэхэм

Зиужьын папщIэ

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр иджыблагъэ яIущIащ Налшык и 19-нэ курыт школым и еджакIуэхэм. А зэIущIэр кьитIасэу щытащ «Къэралым и сыхьэт» проектым кьызэщIыбыдэ Iуэхугъуэхэм.

АБы щытепсэлтыхьащ мы гъэм студент хъуну зызыгъэхьэзыр ныбжьыщIэхэри, школ нэужьым лэжьыгъэ Iэнатlэ пэрыувэну зи мурадхэри зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм. Ныбжьыщlэхэр щIэупщIащ еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэным, лэжьапIэ кьэгъуэтыным, езым я хьэрычэтыщIэ Iуэху зэхаублэным теухуауэ. Министерствэм и лэжьакIуэхэм къагъэлъэгъуащ КъБР-м и экономикэм зэпIэзэрыту зиужьын папщIэ республикэм и унафэщIхэм ялэжь Iуэхугъуэхэр.

Зэ Iуащ Iэ зэгурыIуащ щIэх-щIэхьыгъэ зэхуэзэну, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьыну.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхьыну фыхуеймэ...

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и Iуэхущlапlэ псоми мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ цIыхухэм Iэ щытрадзэ хъунущ 2012 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. Пощтым и лэжьакIуэхэм цIыхухэм Iэ зыщIадза къыдэкIыгъуэхэр и зэманым кьриубыдэу унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщыIахьыж хъунущ пощтым и Iуэхущlапlэхэми.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыным пыщIа Iуэху псоми нэхъ зэпкрыхауэ щыIэкъуэ зыщыфщI хъунущ пощтым и Iуэхущlапlэхэм.

Адыгэ щыкIэкIэ щIэныгъэлIхэм щыугъэшIэу астероидым и орбитэр кьахутэфынущ икIи яужьыIынущ ар ди ЩIым кьыжьхъэуэнрэ кьыжьхэмыуэнрэ.

ЩIэныгъэлIхэм кьызэрапытэмкIэ, метр 300 зи хъуреягъ Апофисым нэхьрэ щIым и дежкIэ нэхь щыныгъуэ нобэ хьэрщ псом щыIэкъым. Ар 2029 гъэм щIым блэлъэныи хуейщ километр мин 36-рэ хуэдизкIэ фIэкIа пэмыжьыжьу. Апхуэдизкlэ драутIыпщIыкьейуэ аращ геостационарнэ спутникхэр. ЩIымрэ астероидымрэ апхуэдэу зэпэгъунэгъу хьуа нэужь, Апофисым и орбитэр нхъуэжу, 2036 гъэм, етIуанэу щIым щыблэлъэткIэ, аэрэ зэжьхэзэунэр зыхуэIуа щыIэкъым.

Астероидым кьихь шыныгъуэ къэмыгъэхъуным йолэжь США-ри Евросоюзри, ауэ зэкIэ Урысейм и щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэр нэхъ жьжьэ кIуэтащ. АбыкIэ сэбэн хьуащ «Фобос Грунт» проектыр, а Iэрыщ спутникыр зыхуауатIыщщам и деж нэмысу къеухуэну щыта пэтми.

n 2010 гъэм Смоленск къыщеуэха кхъухьлъатэм ису хэкIуэдащ Польшэм и президент Качинький Лехрэ а къралым и политик, дзэзешэ нэхъыщхьэхэмрэ.

n 1922 гъэм Генуе (Италие) щекIуэкIащ экономикэмрэ финансхэмкIэ дунейпсо конференц. Абы хэта капиталист къэрал 28-м япэу Совет Урысейм и лIыкIуэхэри я гъусащ.

n Илъэс 40 и пэкIэ Москва, Лондон, Вашингтон къыщыхэIуахащ бактериологическэ Iэщэ щымыгъэIэныкIэ ООН-м и Конвенцэр.

n Илъэси 10 и пэкIэ лэжьэн щIидзащ терроризмым мылъку хуэунтIыпщыным ебэныныкIэ дунейпсо конвенцэм.

n Мэлыжьыхьым и 10 - 13-хэм Пекин (КНР) щызэхэтынущ щIыдагъэмрэ газымкIэ Урысейм, Китаймрэ Къзахъстанымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкI VI зэIущIэр.

n 1964 гъэмягъуэщ «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м и щIыхьэ усакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» щIэлъапIэхэр.

n 1945 гъэм **Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и ЛIыхъужь щIэр къыфIащащ.

Дунейм и щытыкIэнур

meteonovosti.ru сайтым къызэриты мкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIытынущ, хуабэу махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыIэнущ.

Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 30-м, къухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 43-м.

Хьэуам и псыIагъэр кьиIасэнущ процент 38 - 76-м.

ПIалэмэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Iуэхугъуэ щыгъуэ

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыща Iуэхухэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуаз эмэ, сыт хуэдэ эзнамэ фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдигъэкIа Указ №46-УГ-мкIэ къиищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым теухуа ПОЛОЖЕНЭ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советыр (адэкIэ - Советщ) зэпымыууэ лажьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэр гъэбыдэным, цIыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэгъэпэщыным телажьэ щызэчэнджэщ органщ.

2. Советым езым и лэжьыгъэр ятрещIыхь Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и адрей хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ, апхуэдэу мы Положенэм.

3. Советыр къызэрагъэпэщ жылагъуэ, дин организацэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ, щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэхэм, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм, щэнхабзэ, спорт организацэхэм, лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм, творческэ IуэхущIапIэхэм, IэнатIэхэм я унафэщIхэм я лIыкIуэхэр хэту.

4. Советым хагъэхьэ хъунукъым экстремист Iуэхугъуэхэр зэрырагъэкIуэкIым къыхэкIыу зи лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIа жылагъуэ, дин организацэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

5. Советым теухуа Положенэмрэ абы хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къещтэ.

6. Советым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ:

граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэр гъэбыдэным хэлэжьыхьыныр;

цIыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщызэпаудыным, социально-экономикэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм, шынагъуэншагъэм ехьэлIа Iуэхухэр убзыхуныр икIи ахэр дэгъэкIынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр зэхэлъхьэныр;

жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм, граждан жэрдэмхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр щыгъуазэ щIыныр, абыхэм ятеухуа зыхуэфащэ чэнджэщхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ гъэхьэзырыныр;

жэрдэмхэр ядэIыгъыным, граждан жылагъуэр гъэбыдэным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я жылагъуэ советхэм, республикэм и адрей жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэныр;

граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэр къыигъэсэбэпурэ, республикэм и цIыхухэм я зэхэщIыкIымрэ хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ къэIэтыным телэжьэныр;

дин, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным, сатум пымыщIа организацэхэм, къэрал властым и органхэм, хьэрычэтым и IэнатIэм я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным телэжьэныр;

республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм хуэгъэза жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм хэтыныр;

социальнэ программэхэр, законхэмрэ хабзэ мардэхэмрэ я проектхэр зэхэлъхьэным, жылагъуэ экспертизэ егъэкIуэкIыным хэтыныр;

жылагъуэ къарухэр зэкъуэгъэувэнымкIэ, граждан жылагъуэр зэIухауэ щытыным хуэунэтIа Iуэхухэр: жылагъуэ едэIуэныгъэхэр, конференцхэр, форумхэр, зэIущIэхэр, семинархэр, социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм щыIэ Iуэхухэр дэгъэкIыным жылагъуэр зэрыхэтыпхъэм теухуа зэпсэлъэныгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр зэтеублэныр икIи зэфIэгъэкIыныр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьыгъэм хиубыдэу жылагъуэм и Iуэху еплъыкIэр къызэралъытэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэныр.

7. Езым къыпэщыт къалэнхэр игъэзэщIэн папщIэ, Советым хуитыныгъэ иIэщ:

зыхуеину материалхэмрэ информацэмрэ, щыIэ хабзэхэм тету, къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ я деж щыщIэупщIэну икIи ахэр къаIихыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ я лIыкIуэхэм езым и зэIущIэхэм щедэIуэну;

щыIэ хабзэхэм тету, къэрал властым и органхэм, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм, организацэхэм я IэщIагъэлIхэр Советым и лэжьыгъэм къыхишэну.

8. Советыр къызэрагъэпэщ Советым и унафэщIыр, советым и секретарымрэ абы хыхьэхэмрэ хиубыдэу икIи абыхэм я лэжьыгъэр пщIэншэу ирахьэкI.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ Советым хэтхэр илъэситI къэс зэ зэрахъуэкI.

Зи чэзу Iуэхухэм елэжьын папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и президиум хах.

10. ПыухыкIауэ президиумым хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм егъэбелджылы икIи ахэр илъэс ныкъуэ къэс зэрахъуэкI.

Советым и президиумыр Советыр зэрылэжьэну планым, апхуэдэу зи чэзу зэIущIэм зыщытепсэлъыхьыну Iуэхухэм, абы ехьэлIа материалхэм хоплъэ, Советым и планымрэ абы и унафэхэмрэ зэригъэзэщIар зэпкърех.

Советым и президиумым и зэIущIэхэр хуей зэрыхъум тещIыхьауэ, ауэ зэрыхабзэу, мазищ къэс зэ нэхърэ мынэхъ мащIэрэ ирагъэкIуэкI.

11. Къыпэщыт къалэнхэр игъэзэщIэн мурадкIэ, Советым хуитыныгъэ иIэщ зэпымыууэ лажьэ комиссэхэр, лэжьакIуэ гупхэр, къинэмыщI гупхэр къызэригъэпэщыну икIи абыхэм щIэныгъэ организацэхэм я экспертхэр, Iуэхум хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр, жылагъуэ лIыкIуэхэр хигъэхьэну.

12. ЩIэуэ къызэрагъэпэща Советым и япэ зэIущIэм щыхах Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и Нэхъыжьхэм я совет.

13. ЗэIущIэхэр къызэрегъэпэщ, апхуэдэу Советым махуэ къэс къыбгъэдэхуэ Iуэхухэр дегъэкI Советым и секретарым.

14. Советым и секретарым:

Советыр зэрылэжьэну планхэр гъэхьэзырыныр къызэрегъэпэщ;

Советым, Советым и президиумым я зэIущIэхэр егъэкIуэкIыныр къызэрегъэпэщ, ахэр зытепсэлъыхьыну Iуэхухэм я проектхэр зэхелъхьэ, Советым и президиумым и зэIущIэхэм щIэсщ;

Советым и зэIущIэхэм папщIэ материалхэр, абыхэм я унафэхэм я проектхэр, апхуэдэу къащта унафэхэр зэрагъэзэщIамрэ абыхэм къарикIуахэмрэ ятеухуа информацэхэр гъэхьэзырыныр къызэрегъэпэщ.

15. Советым и зэIущIэхэр хуей зэрыхъум тещIыхьауэ, ауэ зэрыхабзэу, мази 6 къэс зэ нэхърэ мынэхъ мащIэрэ ирагъэкIуэкI. Советым и зэIущIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, е абы пщэрылъ зэрыщищIам тету - Советым хэтхэм ящыщ зым ирагъэкIуэкI.

16. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и унафэкIэ Советым и зэIущIэр ирагъэкIуэкI хъунущ абы зи лIыкIуэхэр хэмыт жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, нэгъуэщI организацэхэм, апхуэдэу къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм ящыщхэр кърихьэлIэу.

17. Советым и зэIущIэр ирагъэкIуэкI хъунущ абы хэтхэм я зэхуэдитIым нэхърэ мынэхъ мащIэр кърихьэлIамэ. Советым и унафэхэр Советым хэтхэм ящыщу зэIущIэм кърихьэлIахэм я нэхъыбэм Iэ зэраIэтам тету къащтэ, протоколу ятхыжри, абы зэIущIэр езыгъэкIуэкIам Iэ щIедзыж. Советым и унафэхэм чэнджэщ мыхьэнэ яIэу аращ.

18. Советым и лэжьыгъэр зэIухауэ икIи хэIущIыIуу ирегъэкIуэкI. Советым и лэжьыгъэм жылагъуэр щыгъуазэ ящI цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр къагъэсэбэпурэ.

19. Советым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныгъэ-техникэ лъэныкъуэкIэ зэтегъэувэныр я пщэ дэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэм зыхуэфащэ я IэнатIэхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдигъэкIа Указ №46-УГ-мкIэ къиищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэр

Советым и президиумыр

Къанокъуэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(Советым и унафэщIщ)*

Байсиев Т. М. - «М Драйв клуб» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Беппаев С. У. - балъкъэр лъэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Канунников А. Д. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

КъардэнгъущI Къ. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и МэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ я ассоциацэм и тхьэмадэр

Муравьев И. В. - Налшык къалэ округым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и Советым и тхьэмадэр

Саенкэ Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр

Тау П. КI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр

Тхьэгъэлэдж Т. Л. - «Афганистаным, щIыпIэ пыухыкIахэм щекIуэкIа зауэхэмрэ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэмрэ я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Тхьэгъэпсо Хь. Хь. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и Социально-гуманитар институтым философиемкIэ и кафедрэм и профессорыр

Хьэшыр С. Ю. - «ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я урысей союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэр

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я союзым и тхьэмадэр

Шыпш А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщIыр

Советым хэтхэр

Абдулаев М. К. - Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэр

Абшаев М. Т. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и «Къуршхэм я геофизикэмкIэ институт» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэр

Аккаев Хь. М. - Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерыр

Анаев М. А. - Къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм я зыужьыныгъэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къалэ къудамэм и тхьэмадэр

Атабиев А. Хь. - «Иджырей гуманитар академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ аккредитацэ зиIэ уней еджапIэм и Налшык къудамэм и ректорыр

Атмурзаев М. М. - «Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм и режиссерыр

Аттаев Ж. Ж. - «Заман» газетым и редакцэ» къэрал IуэхущIапIэм и редактор нэхъыщхьэр

Ахъий Ф. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIыр

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэр

Бердюжэ В. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Бирюк А. А. - «Прохладнэгаз» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и унафэщIыр

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэр

Василенкэ А. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Вэрокъуэ В. Хъ. - Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ щэнхабзэ фондым и тхьэмадэр

Гергоков Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я IуэхухэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэр *(Советым и секретарщ)*

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэр

Дэхъушокъуэ М. И. - пенсионерыр

Емуз Н. Гъу. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм Егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ щыхагъахъуэ и институтым и унафэщIыр

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэм, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIыр

Жэрыкъуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэм и ректорыр

Иуан П. М. - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и президиумым и тхьэмадэр

Кабардиков М. Я. - Шэджэм муниципальнэ районым и Пенсионерхэм я союзым и президиумым и тхьэмадэр

Къалмыкъ Ж. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу советым и тхьэмадэр

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорыр

Клевцов М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къэзакъхэм я IуэхухэмкIэ и жылагъуэ чэнджэщэгъур

Котляровэ М. А. - «Полиграфсервис и Т» ООО-м и тхылъ тедзапIэм и унафэщIыр

Кочергин Д. А. - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм и «Прохладнэ пощт» къудамэм и унафэщIыр

Любуня Н. Г. - Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хиубыдэм и атаманыр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацэм и гъэзэщIакIуэ директорыр

Мэз К. Ю. - «Нальп» альпинист клубым и унафэщIыр

Мишковэ И. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Мыщхъуэжь А. А. - ЩIалэгъуалэ правительствэм финансхэмкIэ и министрыр

НэкIацэ В. А. - Нэгъуэщl къэралхэм щыIэ ди хэкуэгъухэм ядэлэжьэнымкIэ «Хэку» ассоциацэм и щIыналъэ зэхуаку къудамэм и тхьэмадэр

Нэхущ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Опрышкэ О. Л. - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и IуэхущIапIэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьыр

Уэрдэщ А. З. - «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и комитетым и тхьэмадэр

Рахаев А. И. - «ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и ректорыр

Тен Т. З. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Граждан союз» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и тхьэмадэр

ЛIыхъугу Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIыр

Тонконог А. Ю. - «Налшык къалэ электросеть компание» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и инженер нэхъыщхьэр

Хъурей Ф. А. - БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректорыр

ХьэфIыцIэ М. М. - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал IуэхущIапIэм и редактор нэхъыщхьэр, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Хутуевэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Аллергологие дэIэпыкъуныгъэ хэха къызэгъэпэщынымкIэ центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Хъущт А. В. - Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Черкесов Г. М. - «Пенсионерхэм я союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр

Чернобай А. Н. - Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Кременчуг-Константиновскэ къуажэ жылагъуэм и Iэтащхьэр

Чочаев Ш. Ю. - «Абу-Хьэнифэ Iимамым и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университет» профессиональнэ дин щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэм и ректорыр

Шабаев Л. М. - Бгырыс журтхэм я Налшык къалэ дин зэгухьэныгъэм и раввиныр

Шыхъуэбахъуэ М. Хь. - Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэр

Шубров Н. В. - Подразделенэ хэхахэм, хабзэхъумэ органхэм, къулыкъу хэхахэм я ветеранхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ «Русь» щIыналъэ ассоциацэм и тхьэмадэр

Эндреев Б. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и банкхэмрэ страховщикхэмрэ я ассоциацэм и президентыр

Эндреев М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ягъэтIысахэр щаIыгъыу щыIэ щIыпIэхэм Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм къыбгъэдэкIыу кIэлъыплъ жылагъуэ комиссэм и тхьэмадэр

Энеев М. У. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъур

Эфендиев Ф. С. - «Хэкупсэ» жылагъуэ организацэм и правленэм хэтыр

Яхэгуауэ С. С. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу Абхъазым щызэуахэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и коллегием и зэIущIэ гъатхэпэм и 16-м зэхэтащ. Абы щызэпкърахащ а IуэхущIапIэм нэгъабэ зэфIигъэкIахэмрэ мы гъэм къыпэщыт къалэнхэмрэ.

● Мэз Iуэхухэр

ЗэфIагъэкIахэм арэзы щытохъуэ

МЭЗ хозяйствэмкIэ къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Мэрем Мухьэмэд** и отчет докладым къызэрыхигъэщамкIэ, зи гугъу тщIы зэманым пщалъэ-правовой акту 16 къащтащ, нэхъапэрейхэм ящыщу 7-м зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, «Мэз зэхущытыкIэхэр зэкIэлъыгъэкIуэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Законыр, 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м къащтар, щыIэ законодательствэм ирагъэзэгъащ, «2011 - 2015 гъэхэм КъБР-м и мэзхэр мафIэсхэм зэрыщахъумэнур», «2012 - 2020 гъэхэм КъБР-м и мэз хозяйствэм зэрызиужьынур» республикэ программэ хэхахэр ягъэхьэзыращ. Нэгъабэ мэкъуауэгъуэм и 22-м, фокIадэм и 5-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм ахэр къиищтащ. Къищынэмыщlауэ, Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа Зэгурыlуэныгъэ 2011 гъэм мазаем и 25-м зэращIылIащ. Абы тету къэрал мэз реестрымрэ пэщIэдзэ учетымрэ зэкIэлъыхьыныр, мэзхэр хъумэныр, зэфIэгъэувэжыныр, зэгъэззэхуауэ къэгъэсэбэпыныр, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр къызэрагъэпэщащ. «2011 - 2013 гъэхэм КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетыр коррупцэм зэрыпэщIэтынур» программэ хэха ягъэхьэзыращ.

- 2009 - 2018 гъэхэм ятещIыхьа Къэбэрдей-Балъкъэрым МэзымкIэ и планымрэ мэзылъэхэр зезыхьэ къэрал IуэхущIапIэхэм я регламентхэмрэ тету, аукцион зэIухахэм къарикIуахэм япкъ иткIэ, мэзхэр зыхъумэнухэм, зэфIэзыгъэувэжынухэм, пхъэ хэзыхыу зыщэнухэм сом мелуани 5,6-рэ и уасэ къэрал зэгурыIуэныгъэу 9 нэгъабэ етщIылIащ. Мэз хозяйствэр зехьэным теухуауэ дубзыхауэ щыта Iуэхугъуэ псори зэфIэдгъэкIащ. Къапщтэмэ, гектар 592,5-м я щытыкIэм дакIэлъыплъащ, жыгыщIэхэм зыщамыужь щIыпIэхэм ящыщу гектар 206,5-рэ дгъэкъэбзащ, пхъэуэ кубометр мин 15,2-рэ дгъэхьэзыращ. Мэз фондым хыхьэу гектар 80-м жыгыщIэхэмрэ къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щыхэтсащ, мэз къэкIыгъэхэр гектар 1598-м щызетхьащ, - къигъэлъэгъуащ къэпсэлъам. - Нэгъабэ щIышылэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къищтащ «2011 гъэм КъБР-м и мэзхэр мафIэсхэм зэрыщахъумэнум и IуэхукIэ» Унафэ. Абы щыубзыхуахэм ткIийуэ дытету, щIыпIэ псоми а лэжьыгъэр щедгъэкIуэкIащ. Мэзылъэхэр пакIэ-пакIэу республикэм и жылагъуэхэм едгъэбыдылIащ. 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м КъБР-м и Правительствэм и УнафэкIэ къызэрагъэпэща «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хъумакIуэ» къэрал бюджет IуэхущIапIэм къалэн пыухыкIа егъэзащIэ. Мэзхэр мафIэсхэм зэрашытхъумэным пыщIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри дгъэбелджылащ.

Мэрем Мухьэмэд зэрыжиIамкIэ, мэзхэр зыхъумэнухэм, жыгыщIэхэр хэзысэу абыхэм якIэлъыплъынухэм, пхъэ хэзыхыу зыщэнухэм иращIылIа къэрал зэгурыIуэныгъэхэм тету, мафIэс къэхъу хъужыкъуэмэ, псынщIэу зэрынэсыну гъуэгуу километр 25-рэ яухуащ, километр 45-рэ зэрагъэпэщыжащ, гектари 100-м удз итырыгъухэр щагъэсащ, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэ хэхауэ 18 ягъэбелджылащ, цIыхухэм гу зылъатапхъэхэр IупщIу зытетха пкъоуэ 50 ягъэуващ, псы итыпIэхэм я екIуэлIапIэу 9 зыхуей хуагъэзащ, нэгъуэщI лэжьыгъэ щхьэпэхэри зэфIагъэкIащ. МафIэсыр къызэрахутэ Iэмалыщхэр къагъэсэбэпурэ, щIыпIэхэм зэпымыууэ кIэлъоплъ. Мэз лъапэхэм щIы Iыхьэ щызыIыгъ IуэхущIапIэхэр, цIыху щхьэхуэхэр, МЧС-м и щIыналъэ къудамэр, мафIэсым пэщIэт IэнатIэр, «Шэрэдж мэз» ООО-р, къалэ, район администрацэхэр, мэз хозяйствэхэр зэуIуу зэдолажьэ. АбыкIэ жэуаптакIуэ IэщIагъэлIхэр ягъэбелджылащ. Я гъунапкъэхэм къызэрымыкIуэ щытыкIэ къыщыхъу хъужыкъуэмэ, абыхэм зэрапэщIэтынум теухуауэ Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Ставрополь крайм ягурыIуащ. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм ящыгъуу щытыкIэм щыкIэлъыплъ щIыпIэу 38-рэ ягъэуващ. МафIэсым зыщыхъумэнымкIэ Iэмал имыIэу лэжьыпхъэхэр цIыхухэм, организацэхэм, властым и къэрал, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IуэхущIапIэхэм ягу къагъэкIыж. Радио, телевиденэ нэтыну 12 ирагъэкIуэкIащ, газетхэм тхыгъэ 24-рэ къытрырагъэдзащ, курыт школхэм лекцэ 25-рэ къыщеджащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и порталым абыхэм ятеухуа хъыбархэр щызэбграгъэхащ. Мэзхэр мафIэсхэм ящыхъумэным теухуа Iуэхугъуэхэм федеральнэ бюджетым и хьэкъкIэ субвенцэу сом зы мелуанрэ мин 300-рэ нэгъабэ хухахащ. Республикэ бюджетым щагъэбелджыла сом мелуани 5,2-м щыщу хуаутIыпщар абы и процент 44,2-рщ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хъумакIуэ» къэрал бюджет IуэхущIапIэмрэ мэз хозяйствэхэмрэ я диспетчер IэнатIэм и щIыналъэ пунктымрэ иратар зытраухуауэ щыта сом мелуани 2,9-м и процент 58,6-рщ. Техникэ IэмэпсымэхэмкIэ къэщэхуным, мэзхэм кIэлъыплъыныр къызэгъэпэщыным сом мелуани 2,3-рэ хуагъэзати, яIэрыхьар мин 600-щ.

- Лэжьыпхъэхэр и чэзум зэрызэфIэдгъэкIам и фIыгъэкIэ, ди мэзхэм мафIэс къыщыхъуакъым. Къэрал комитетымрэ мэз хозяйствэхэмрэ я IэщIагъэлI 58-м къэпщытэныгъэ, кIэлъыплъыныгъэ Iуэхухэр къызэрагъэпэщ. Нэгъабэ къэпщытэныгъэ 220-рэ едгъэкIуэкIати, ныкъусаныгъэу 154-рэ къыщIэдгъэщащ. Зэхащыхьахэр зэрагъэзэкIуэжыну тхылъу 32-рэ яхуэттхащ, административнэ къуаншагъэ зылэжьахэм яхуэгъэзауэ протокол 73-рэ дгъэхьэзыращ: 8-р хуимыту мэзыр зэрыпаупщIам, 24-р санитар шынагъуэншагъэмкIэ хабзэхэр мэзхэм къызэрыщызэпаудам, 10-р мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ хабзэхэм зэребэкъуам, 23-р мэзхэм ехьэлIа хабзэхэр зэрамыгъэзэщIам, 5-р щхьэзыфIэфIыу мэзхэр къызэрагъэсэбэпам, 3-р нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу. Псори зэхэту къуэдыуэ сом мин 61,7-рэ ятетлъхьащ, хэщIыныгъэхэр едгъэпшынын щхьэкIэ, сом мин 42,3-м хуэзэ искхэр зыхуэфащэ IэнатIэхэм еттащ. Федеральнэ бюджетым сом мини 104-рэ хэтлъхьащ. Мэзхэм щедгъэкIуэкI къэрал кIэлъыплъыныгъэр дгъэлъэщын мурадкIэ, къэпщытэныгъэ 42-рэ хэхауэ едгъэкIуэкIащ, административнэ къуаншагъэ зылэжьахэм яхуэгъэзауэ протоколи 6 тххащ, хабзэм ебакъуэ зэрымыхъунур цIыхуи 3-м ягурыдгъэIуащ,- къыхигъэщащ къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэм.

МэзымкIэ законодательствэм къызэригъэувым тету, нэгъабэ аукциони 2 ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм къарикIуам япкъ иткIэ, гектари 191-м щIигъу зэгурыIуэныгъэ зыхуаIэхэм бэджэнду иратащ. Псори зэхэту мэз фондым хыхьэ щIыуэ гектар 1609-рэ цIыху 214-м бэджэнду яIыгъщ. Мэзхэр къызэрагъэсэбэпым къыпэкIуэу сом мелуани 2-рэ мини 192,9-рэ федеральнэ, мин 51,3-рэ республикэ бюджетхэм халъхьащ. Ахэр къапщытам елъытауэ зэрызэкIэлъыкIуэу проценти 123,9-рэ, проценти 102,6-рэ мэхъу. Мэз зэхущытыкIэхэр зэкIэлъыгъэкIуэным сом мелуан 52,7-рэ хухахати, псори къагъэсэбэпащ.

Отчет докладым дыщIагъужу зэхыхьэм къыщыпсэлъащ къэрал комитетым и къудамэхэм, Лэскэн, Шэрэдж мэз хозяйствэхэм я унафэщIхэу **Хъуэд Руслан, Елмэс Любэ, Хьэсанэ Руслан, Мокаев Даниял** сымэ. Абыхэм къагъэлъэгъуащ мэзхэм я къулеягъэр хъумэным, гъэбэгъуэным, зэгъэззэхуауэ къэгъэсэбэпыным, мафIэсхэм яхуэсакъыным хуэунэтIауэ дяпэкIи къалэнышхуэ къазэрыпэщытыр икIи ахэр зыхуэдэр ягъэбелджылащ.

ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Аминат.**

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Адыгэ цIэрыIуэхэр

Къэбэрдейм щыщ шыхуэ пажэ Къалмыкъ Хьэжмурат 1948 гъэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Сурэтыр **ГУСАЧЕНКЭ Николай** *ищIащ. 1971 гъэ*

ЛОХВИЦКИЙ Михаил (Аджыкъу Джэрий)

Уафэгъуагъуэ макъ

Повестым щыщ лычыгъуэхэр

148

(КIэухыр. ПэщIыдзэр №№31, 58, 59, 61-хэм итщ).

Адэкlэ къэхъуа псор кыысхузощIэжыркым. Си щхьэр мэунаэзри, кыысщыщIари сызэхущыIэри кыысхузугубзыгъыжыркым, хъарпшэрущ псори зэрысльагъур. Спэмыжыжьащэу Зарэ зэрызблэжам гу лъыста си гугъэжщ, абы и ужь итауэ кыысфлощIыж Аджыкъу. Сэлэтхэр зэрызэрыгъэкIийри зэхэсх хуэдэщ. И макъ кыызэрихькlэ хьуанэурэ мэзым щIож Илья. Зыгуэрым сиудынынщIэ хуэдэщ, кыызжилэри зэхэсщIыкIыркым - шапсыгъыбзэкlэ хьэмэ урысыбзэкlэ? Си нэр кыызэтесхри къэсльэгъуащ унэ ныкъуэсхэм ящхьащыт Iугъуэр. Аджыкъу и унэм фоч уэ макъ кыщIолykI. Ари кыысфIэщIагъэнущ, Iуащхьэ къуагъым сыкъуэльтри. Щыслъэгъуар унэм сепщыпIэжа нэужь хъунщ. Зейдэт и хьэдэр здэслъэфри щIэслъэфри сщIэркъым. Фельдфебелым сыщымысхьатэмэ, Зейдэт псэууэ къэнжкlэ хъунт. Си зэранщ, жызоIэ, Зейдэт шэ къышэрытекхуар. Схуэхьэмэн хуеящ ар, ауэ ар схуэзэфIэкIакъым сэ, езым сыкъихьумэн щхьэжкlэ пщIантIэм къыдэжри къыскlэлъыгсащ. Си нэгу къыщIохьэж: Шумахуэ и хьэдэм бгъэдэсщ Сурэт. Ноби сльагъу хуэдэщ ди унэр зыпылпIащ марIэм и бэнир. Ди зыщIэр, Къуийщlыкlу, шэщым къыщIэльэтащ, шэщыбжэр Iуиудри. Сэлэтхэм закъригъэубыдакъым зыщIэм, и ужь ихьати. Жыг хадэр ираупщыкI эдэлъ-хэм. Зари къауклат, абы бгъэдэс Аджыкъу къыщыльэтри къаМэкlэ епыджащ къыщхьэщыуваУэ къыжьэхэплъэ сэлэт щIалэщIэм. Абы и гъусэ сэлэтхэр теэзрыгуащ Аджыкъу, фоч льэдакъэрэ мыжурэкlэ еуащ. Зейдэт къаукlа нэужь, Едыдж сепщылIащ – лы зэпэщIжам хэльт ар. Ара хъунщ си нэгу щIэкIар – кыысхуэгубзыгъжыркъым. Зейдэт и хьэдэр къэзгъуэтыжьын хуейти, сльагъуж щымыIэми, ныбэгуklэ сызэепщыпщащ. Сыздэпщым, мывэ сольэпауэ е хьэдэ срохьэлIэ. Сыдэпльеймэ, Iугъуэ фIыщIэм уафэр исеящ. МафIэ бзийр къызжьэдадэ, си щхьэщыр елыгъуэ, си Iэми си нэкIуми кьопхъуэ, ауэ сэ уэ зыхэсщIэжыркъым, Iугъуэр си Iум из хъуащи, сыпсчэ зэпытщ, сльагъужи щыIэжыркъым, си нэр Iугъуэ пщтырым щIисыкIащи. Шыкlэпшынэ макъ къэIуащ. Уэзырмэсрэ Чбэхьанрэ къыслэщIэльэгъуащ. Дамэ къатекlэу, уэгум ихьэжауэ къыслщыхьуащ ахэр. ИтIанэ сыпулпIащ Кожевниковым и нэкIум – зыкъыстригъэщIауэ къысщхьэщыыст ар.

- Зиусхьэн! А зиусхьэн! Гъуэгум зыкъыщысщIэжащ - гум срагъэгъуэльхьауэ зыщIыпIэ сашэрт. Хьэмэрэ уанэгум срагъэтIысхьауэ сшыут? Си щхьэр уиэзащ аргуэру, зыкъыщысщIэжар уэзх кыыстещхэ хьуа нэужьщ. Шэтыр бжэIупэм деж сыщагъэгъуэлъащ. Шэтырым къыщIэлykI псалъэмакъыр зохьзох, абы кыщIэкIри зыгуэр къызбгъэдыхьащ.

- Фепльыт, зиусхьэнхэ: бгым пшэ фIыцIэ щхьэщыльщ! - зэхэсхащ шэтырым къыщIэкIахэм ящыщ зым и макъ.

НэгъэщI зыми жиIащ;

- Бгъуэр дзэм кьаХэпльэн я жагъуэщи, аращ пшэ фIыцIэкIэ зыщIызэщIауфар.

- Уэахуэщ, графI

- УIэгъэ хъуа лIыхъужьыр дауэ щыт? Зыжьеврегъэлаз ебы, ирельагъу псори!

- Си сэлэтхэм яхьынщ ар, зиусхьэн, - Офрейн и макърауэ къысщыхъуащ зэхэсхар.

- Си щхьэр кьаэтри, щабэ гуэр къысщIадзащ.

- Зиусхьэн поручик! Зэхэпхрэ пщышхуэм и унафэр?

Си нэр къыззэтесхри, суратkIэ сцIыхуауэ щыта пщышхуэ Михаил сыIупльащ. НатIабгъуэт ар, и кьуэшми хуэдэу. И жьакlэ кIыпрыр и бгъэгум нэсырт. Къэзакъ пыIэ къуацэр щхьэрыгъэсауэ, къызэпльащ пщышхуэр.

- Зыдзбгъуэларэ, поручик? Сыт ухуэдэ идкIыпсту?

Къысфlэщl си гугъа щхьэкlэ, нахуапIэщ слъагъур: пщышхуэмрэ абы щIыгъуэхэмрэ я пащхьэ сильт сэ. Зыгуэр кьезгъэжьати, псчэр къысщыхьри, стеужьхуу зысIэжьащ. Псчэр увыIа нэужь, си щхьэр къэсIэтащ.

- УэуIыIыкIщ! – жысIащ сэ пщышхуэм и пащхьэм сызэдилым, нэкlэ сщхьуэ сыIуплъащ абы. - Уэ си щхьэгъуэср къэбукIащ...

- Ар мэIуэщхьу! - жиIащ абдеж щытхэм ящыщ зым.

- Сэ гъэрыпIэм сисакъым, - си псалъэм пыщащ сэ. - Фэ зыкъэмынэ фыIыкIщ!

Си щхьэр унаэзри, зыкъыщысщIэжам зэхэсхащ псори иувыкIауэ тхъэ зэрельэIур. Сэлэтхэм я пащхьэ иуваУэ къокlykI-нокlykI щоджэнхэр. Нпхэрэ яIэтауэ зэхэтщ. Iуащхьэм тетщ пщышхуэхэмрэ генералхэмрэ, Iуащхьэ льапэм щыIэхэуващ офицерхэр, абыхэм яхэтщ ауш Джэрджий и нагъыщэхэмкIэ зыхуэупсаэхэри. «Уэращ зи фIыщIер, ди Тхьэшхуэ!» - щIачэркъым. Топхэр драгъэуей, абыхэм бгыр кьаподжэж. Топхэм я макъыр зэпыпрыкIащ.

Пщышхуэм и Iупэр зэтехьэжыркъым: нобэ щыщIэдзауэ тхыдэм кьыхэнэущ ар, дзэпщышхуэущ кьыззэрыхэнэнэр – аращ щIэгуфIэр. Офицерхэми я IупIыкщ - текIуэныгъэр я Iэрылъхьэщ, Iэджэкlэ кьахуэупсэнущ. Сэлэтхэри мэгуфIэ зауэ кIыхьыр икIэм-икIэжьым зэрыуэвыым щхьэкlэ - я щхьэр кьыхэхащ абы, псэууэ кьыззэтенащ. Псори нэщхьэкIыпрыщ, гуфIэгъэуэ зэщIищтащи, дамэ кьатекlа хуэдэщ. Пщышхуэм и дзэм я гуфIэгъэуэ махуэми, шапсыгъхэмрэ уфыыхэмрэ я махуэ мыгъуэт...

Уэщхьр теуащ, пшэ зэхуэкум дыгъэр кьыдэпльащ. Шым щэсри уанэгум зыщIригъэщIеикIауэ, дзэ пащхьэр зэхекIухэ пщышхуэм, и жьэр увыIэркъым:

- Пащтыхь дотэм и цIэкlэ сынывохьуэхьу! Лыгъэ зефхьащ, фи къулыкъум фыхуэпэжщ, дыкъэгъэщIэхьуакъым!

Хьуэхьу Iэнэм бгъэдэтIысхьащ пщышхуэр, и Iужажэхэри кьетIысэкIащ. Пащтыхьым хурагъэхь тхылъым кьызэреджэр зэхэсхащ: «Зи щIыхьыр льагэм хьыбар удогъащэ Кавказ зауэм кlэ зэреттамкlэ. Ди Iэмыщlэ идмылъхьауэ зы льэпкьи кьэдгъэнэжакъым. Тхьэм и фIыщIэ ар...»

Сызэдзэкьэн къысхуахьащ сэлэтхэм. Абыхэм яхэслъэгъуащ цей тIорыс-пIэ. ЗезгъэззэкIащ, абы сыIупльэфыртэкъымкI. Сэлэтхэм кьыззэрызжаIамкlэ, Илья и топыр бгым дэкI дзэм кьахидзэри, езыр псэууэ яIэщIэкIащ. Зы щIалэ щыкIуэ зы хьыджэбэ щыкIуэ шапсыгъ кьуажэм пэмыжьыжьу кьыззэрыщагъуэтари кьызжаIащ сэлэтхэм. Хьыджэбэ щыкIуэ офицерхэм ящыщ зым ираташ, щIалэ щыкIуэ нэгъуэщI гуэрым зриубыдылIащ. Бибэрэ Закиррэ хьунт ахэр. Сыщlэупщlэ-нымкlэ сыхунэсхьым, си щхьэр къэкlэрахьуэри.

Зы махуэ дэкIри, Iагрэ быдапIэм сашащ, кьызэIэзэу щIадзащ. Ар згъэщIэгъуакъым: арат ди дзэм щыхабзэр. УкIкlэ зи унафэр ящIами йоIззэ япэ щIыкlэ, абы зыгуэр зыдигъуэу гу лъатамэ. Ягъэхьужри, итIанэщ кIапсэ лэрыгъуэр и пщэм щрадзэр. Сэ згъэщIэгъуар нэгъуэщIщ: пщIэ лей зыхуэфащэ гуэр хуэдэ дохутырхэр кьызэрызэлIэларщ. Абы и щхьэусыгъуэм сыщIэупщlати, кьызжаIащ езы дзэпщышхуэм апхуэдэ унафэ зэрагъэщIащ: цIыхуэ яригъэльагъун хуейтэкъэ гущIэгъу зэрыкlэльыр. Аижгъафэр дуней зи Iэмыщlэ ильхэр! Аижгъафэ фаджэжхэщ!

Зауэр увыIауэ дэнэкlи щагъэIуами, увыIатэкъым зауэр иджыри - зыкlэIуВ-хэм зыкъатакъым, дзэм кьыпэщIэтщ. Си льэм сыззэрихьэу щытатэмэ, сыкlэусэнти сахьыхьэнт абыхэм, садэззэуэнт. Сыт си Iэмалт: сыпщтырт иджыри, мафIэ зыщIэнам сыхуэдэт. СыкъыщыззэфIэуэжкам щыгъуэ дзэм кьапэуваУэ кьезаУэхэм кьэратакIэт.

Шэджагъуэ гуэрым, сыжеяти, сыкъэуушыжа нэужь гу лъыстащ зыгуэр кьызбгъэдэтIысхьауэ кьызэрызжьэхэплъыхьым. Офрейнт ар. КьызбгъэдэтIысхьащи, сызэпеплъыхь, си узынщагъэм кьыщIоупщIэ.

- Лъэхъуэщым сынэбгъэсын щхьэкlэ укъыщIыскlэкlэхьыкIуар? Пщlэ кьыс-хуэпщIащ! – жысIащ сэ.

Гукьанэ къыскхуищIакъым абы, кьызэдзэрэщIащ. СодаУэрри, си фIэщ хъуркъым. Сыхьужа нэужь, зызагъэгъэпсэхун мурад зэращIари, дзэм сыхьыхьэжьнымэ, кьызэрыспэрымыуэнри кьызжиIащ Офрейн.

- Дауэ ар кьызэрыбгурыIуэнрэ? - сыщIэупщIащ.

КьысщыгуфIыкI зищIащ абы, и жагъуэ ящIакъым си нэщхьэр зэрызэхэслъхьари. Куэд кьысхуриГъэкlэкIащ, седаIуэ-семыдаIуэми. КьызгуригъэIуащ кьысхуагъэгъэункlэ сыпльэуэн фIэкI нэгъуэщI зэрыхэмыльыр. КIэщIу жыпIэмэ, си щхьэр къэзгъэпцIэжьин, хьэхэбасэ сыхьхьн хуэй кьудейщ хэльыр. Дзэм сыкьызэрыхэкlуэсыкlар ягу техуэ хьунтэкъым пщышхуэми нэгъуэщI гуэрхэми. Урысдзэм офицер хэкIуэсыкIын хуейкъым. Псори кьысхуагъэгъэунут, тобэ кьысхьыжатэмэ, сщIам сыхуэщIегъуэжатэмэ. Ерыщ семыкIуэмэ, си жьэр субыдмэ, кьулыкъуэкIи сыдрагъэкIуэтеинут, ахъши кьызатынут, лIыщхьэхэм я нэфIи кьыскщIхуэнут. А псор кьыщызиIуэкIым, Офрейн сыщIэгубжьащ, тезмытхъуа кьэзгъэнэжакъым, и щхьэр щIихьи хуейуэ жеСлащ. Ар зыуи кьыщыхуакъым Офрейн, шэнт щхьэгъуэм зэрытесщ, зиГъэхьеякъым, и нэр игъэупIэрапIэ фIэкI. Зыгуэр кьыспидзыжащ. АфIэкI схуэшэчыжакъым: и нэкIум сиуэрри, шэнтым кьэзудыхащ...

КIыхь зезгъэщIыжыныкъым. СакъыщIыхуэмыгъэшым, унафэ кьыстращIыхьащ, сагъэтIысакъым. Сыбыр сагъэкIуащ, зэи кьэзгъаазэ мыхьуну...

Махуитl-щы дэкIмэ, Енисейск сыкIуэнущ, мы лъэхэр зблынэнурэ. ЗэрэжысIащи, Закиррэ Бибэрэ я лъэужь сытехьэн хуейщ япэ щыкlэ. Кьуажэр здиса бгыщхьэм сыщыIэкъым - илъэсипщIым и кIуэцIкlэ пабжьэм зэщIищтэжа хъунщ ар.

Хьэщыкъ сызыхуэхьауэу щыта пщащэр си нэгу щIэкIырыкъым, и макъ хьэхэх кьысфIощI. ИгъащIэкlэ сльагъужьнукъым ар, сыпыкIащ, итIани и гуфIэкIэри и дыхьэщх макъри ноби зэхэх хуэщIа. Зейдэт хуэдэу зыри фIыуэ схуэльагъужьнукъым сэ, зыми фIыуэ сыкъильагъужьнукъым Зейдэт хуэдэу. Си нэгу щIэт зэпытщ ар, мыПIэу и кьыскщохьу ноби, абыкlэ зэхэсхьэу сыщIэм и щхьэусыгъуэр кьызгуроIуэ - си щхьэгъуэр хьуауэ щытащ ар. Зейдэти, Зари, адрей щапсыгъ бзыльхуэхэри дахэкlейуэ кьиГъэщIат. Ар гум тегъэхуэгъуафIэ атIэ – апхуэдэ щIыху дахэхэр игъуэ нэмысауэ дунейм ехьыжьныр! «ЩIыху псори зы льэпкьыщ щытащ, иужькlэ зэбгрыкIащ армыхьу». Куэдрэ сигу кьоклыж а псальэр. Махуитl-щы и пэкlэ щхьэгъубжэм абджыр зэскьутыкlыу сызэхэзых псоми яжьэм Iэн си гугъащ ахэр нэхь благъэ зэхуэхьн зэрыхуейр. Абджыр схуэкъутакъым, сыкьынуIа фIэкI... Си Iэрыкъэузыкlри, сыкьэзыщыуащ, си гур кьыхэузыкIауэ...

Кайсаров Яков и тхылъэхэр абдежым щызэпоу.

Ээзыдзэкlар
КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

«Щыхум и хунтынигъэхэм папщIэ» зэщIэхъеенигъэм и пашэм икIи «Зэакъылэгъунигъэ» зэщIэхъеенигъэм и унафэщIым японхэр къигъэуГъэщ, ахъшэ кьыхуатIыпщ кьгъэгъэмэ, Курилхэр ятыжьынымкlэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуну.

«Шикотанрэ Хабоманрэ еттыжьын хуейщ»

Щыхум и хунтынигъэхэр хьумэным теухуа зэщIэхъеенигъэм -и напэр зыхъумэ», оппозиционер цIэрыIуэ Пономарев Лев хуабжьу ахъшэ хуейщ. Апхуэдизкlэ хуейщи, урыс-японхэм зэпыкъум Японием и тельхьэу кьыщыуынынту хьэзырщ, ахъшэ кьыхуаутIыпщ закъуэмэ.

Ар абы кьеХьэкI-нехьэкI хэмылъу японт дипломатым щыжриIащ Москва и ресторанхэм ящыщ зым. Абыхэм я зэлущIэр видеороликтIкlэ ятхащ.

- Япэ щыкlэ хуит сыщI мащIэу зыкъозэщIэщIыхуну, - кьыщIидзащ японым. - Сэ япон посольствэм сыщолажьэ, политикэ Iуэхухэмкlэ министр кьалэным хуэдэ згъэзащIэу. Сэ Урысеим и къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм егъэщIыпIа хъыбархэр зэхуэохьэс.

- Кьызгуроуэ, - пыдыьэшхьыкIащ Пономарев. - Нахуэу зэхуфохьэс адрейхэм щхуэу зэхуахьэс хъыбархэр.

Япон посольствэм щылажьэ дэтхэнэ дипломатми и пащхьэ итщ Ищхьэрэ щIыналъхээм (апхуэдизуе ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и ужькlэ СССР-м (Урысеим) ей хьуа Курил Ипщэм Японием кьызэрыщеуэкlэ) ахуэгъэза гупсысэхэр пхигъэкIыным теухуа кьаленыр. Пономарев зытригъыхьри, а псалъэхэр япон дипломатым и гум тхъу щихуауэ кьыщыхъуныр арагъэнырщ.

АрщхьэкIэ японым зыззэтреIыигъ.

- Ар мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхущ, ауэ араклым нэхъыщхьэр, - японыр хуIощку псалъэмакъыр а тIур щIызэIущIам и щхьэусыгъуэм тришэжьну. АрщхьэкIэ иджы Пономарев пхуэзтеубыдэжьнукъым.

- Сэ уэ занщIэу бжесIэфынуц, - хэкъуэзауэ мэпсалъэ куэд щIауэ оппозиционерыр икIи цIыхухэм я хунтынигъэхэр зыхъумэр, - Шикотанрэ... сытыт адрейм зэреджэр? ...а-а, Хабоманрэ сэ зеИхэм ирагъэкъыну нэхъыжьхэм кьызэрыхуезджар. Уэ укьеджа абы теухуауэ жысIаХэм?

- Хьэуэ.

- Абы щыгъуэ си Iуэху еплъыкlэр зэвгъэщIакъым. Сэ депутату сыщытащ икIи а Iуэхум сытепсэлъыхьащ. Урысеим Хабоман и деж япэ тхьабзэкъу щичамэ, тэмэм хьунут. Сэ щыгъуазэ зысщIащ юридическэ тхыльхэм. Ищхьэ хьтIыгуитIыр зейр абыхэм щызэхэхуакъым...

«Американхэм къыдат, шведхэм къыдат, фэ къыдэфт щIэмыхъунрэ уст?»

Японыр хуейщ ди деж щыщIэ щытыкIэр зригъэщIэну. Езым и мурадыр зыщимыгъэгъупщэу, Пономаревым абы гурегъаIуэ ди деж щекIуэкlэхэм зэрелъыр зыхуэхэр.

- Мы зэманым ди зэщIэхъеенигъэм хэтщ къэрал къулыкъу зыIыигъахэр. Немцов къулыкъу зыбжанэ иIыгащ. Касьяноври, Рыжкови, ныбжьыкlэ щIалэмэ, апхуэдизщ. Пэжщ, иужьрейр зыхэтар парламентыращ, ауэ ари къулыкъу лъагэу къэпльытэ хьунущ. Дз дИэщ къэралыр зэрахьну хьэзыр щыхуэр. Сэ си гугъэщ ахэр а лъэжьыгъэм фIыуэ пэльэщыну. АрщхьэкIэ жэуапым щоышынэ. Абыхэм сытри ялэжьыфынущ, Iлы ягъэжэфынущ, щытыкIэр зэIагъэхьэфынущ, властым зыхагъэпшэхуэн папщIэ.

- Уи ныбжьэгъуэм щыхуу кьызэрыгуэкlэр кьыдахьэхыфын папщIэ сыт щIэн хуейр? - щIоупщIэ японыр.

- Хууейм э, пэжыр бжесIэнщ. БжесIэн пэжыр? - зэкlэльэгъэпIащ псальэхэр Пономаревым. - Ахъшэ фIэкIа зыри дыхуейкъым. ПцIы сыупсыркъым. Мыпхьу димыIэу хьунукъым. Сэ, щхьэтечу бжесIэнщи, кьухьэпIэ фондхэр кьыздоIэпыкъу. Мыпхьу диэн хуейщ. КьыбгурыIуэрэ? Дызызыхуейр мыпхьум и закъуэщ. Щынапхьэхэм щыху куэд щыIэщ, ахъшэ мащIэ епту щIэбдзэмэ, я лэжьыгъэр хьIадзэну хьэзыр. Сэ ахъшэ Урысеим щызгъэутыркъым. Дэ ахъшэ мыбы кьыщыдатыркъым. Кьыдзэыгыр кьухьэпIэ фондхэм я закъуэщ. Мис идкъы американ фондхэм я закъуэщ ахъшэ кьыдзэытыр. Пэжщ, сэ сагъэкъуаншэ. Ауэ ар аргуэру абы тепсэлъыхьыкlи щIэздзэжкlи, псалъэмакъыр апхуэдизуэ зэрызухъныр - сэ сы-щынэркъым Кьухьэпэм щыщ щыхуэхэм захуэзгъэзэн. Абы власти зэгуигъэпыну кьыщIэкlынтэкъым, Японием КъуэкIыIыпIэ Жыжьэм граждан зэгухьэныгъэхэм зыщIегъэжьыным хуэгъэза грант кьыдитамэ. КьыбгурыIуэрэ?

Японым и щхьэр ещI.

- Мис а Iуэхум фегупсыс, - пещэ Пономаревым. - Сэ кьысфIощI абы дыщыгуГъ хьуну. Ауэ кьыдэзытын хуейр къэралым имей фондщ. Пэжщ, дэ ахъшэ кьыгтхэзыгъуIыпщыр Америкэм и правительствэ фондхэщ. Путинныр мэшыдэ, ауэ ар игу трегъахуэ. Сэ занщIэу ахъшэ кьыззэхъгыр американ къэрал фондхэщ. Властым ар зыхуеГъэщIэн, сэри си гугъу кьыщIыркъым. Госдепым дэ... ИпэжьыпIэкlэ госдепым кьызэрригъэзэпэща фондхэщ ахъшэкlэ дызыыэздыр. Сэ жьыСэн хуейщ, граждан жьылагъуэм зэрызебгъэужьыну щIыкIэм, мис абы, КъуэкIыпIэ Жыжьэм, граждан жьылагъуэм зэрызебгъэужьыну щIыкIэм, зыми ПАТРИОТИЗМ ФАР фIэгъэнапIэ кьыщIынур. Абыхэм цIыху губзыгъэхэр яхэтщ. Хэбгъэзэхьэ, хьIыгуэхэм егъэщIылIа Iуэхури губзыгъагъэ хэльу зэфIэбгъэкIыфынущ. КъэбгъэдэIуэ, утепсэлъыхь хъунущ. Сэ ар си фIэщу жыIоIэ. Фегупсыс.

- Шведхэм грантхэр кьыдат, Ищхьэрэ-Къухьэпэм граждан жьылагъуэм зыщрагъэужьыным хуэгъэзауэ... Шведхэм ящIэр фэри фщIэ щхьэ мыхьуро? КьызгурыIуэркъым! - егъэщIагъуэ цIыхум и хунтынитхэм я кьыщхьэщыжьакlуэм.

«Апхуэдэ къэхъу хабзэщ»

Си зэманым, согупсысэ, ролик нэпцI бгъэхьэзырыным зыри хэлъкъым. Щэч кьытесхьэу сыщцыхуежьэм, езы Пономарев Лев и деж занщIэу сопсалъэ.

- Сэ сыыгщ япон дипломатым узэрыIущIам теухуа ролик. Фызэпсэльэныжкlэ жэрдэмщ къызыбгъэдэкlар хэт?

- Аэращ. Апхуэдэ къэхъу хабзэщ. Сэ Прокурор нэхъыщхьэм зыхуэзгъэзакlэщ ролик страхыныр, си гъащIэм кьыхэзбэнщи кьызыыэкlар ззэгъэщIэн мурадкlэ.

Сызэкъуэуэ уголовнэ Iуэху кьаЗатамэ, си гъэрэ щыгъуаэз сращащ. Суд унафэ щыIэмэ, си абы щыгъуаэз сращащ. А роликыр тезыхари къраГъуэт.

ГРИШИН Александр.
«Комсомольская правда». 2012 гъэ, гъатхэпэм и 23

* * *

***Редакцэм къыбгъэдэкIыу:* Пономарев Лев зи пашэ зэщIэхъеенигъэм и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрми щолажьэ.**

● Махуэм и зы теплъэгъуэ

«ХытIыгухэм фыхуеймэ, иенэхэр вгъэхьэзыр»

Утыкум итщ «Налмэс» къурал академическэ ансамблыр.

● Адыгэ къэфакIуэ гупхэр

● Мардэхэр

ЗыгъэпсэхупIэхэр йофIакIуэ

Иджырей мардэхэм тету зи лжьыгъэр кьызэрыгуэща зыпсэпсэхупIэ щыпIэхэм ящыщ Налшык и «Псей щхьэнтIэхэр» санаторэр. Мыбы кьекIуалIэ хьэщIэхэм я узынщагъэльэныкъуэ куэдкlэ зэрагъэфIакIуэм кьыдэкIуэу, ахэр щIэх-щIэхыкъуэ яшэ ди щIыналъэм и зыплъыхьыпIэ ирах дахэхэу: Шэджэм ныкъельэхэм, Гуэл щхьэнтIэхэм, Iуащхьэмахуэ льаю.

ДУНЕЙПСО мардэ нэхъыфIхэм тету зыхуейзыхуэфIхэмкlэ нэсу зыкъызэыгъэпэща «Псей щхьэнтIэхэм» нобэ щоГэзэ псантхуэ, шхалъэ-кIэтIий, тхьэмбыл зыкъыфэхмкlэ гуныкъуэгъуэ зиIэхэм. Мыбы апхуэдэу иЗщ узыфэхэр кьыщахуэтэ ищIи абы теуауэ чэнджэщ щхьэпэхэр дохутырхэм щат кьудамэ щхьэхуэ. ЗыгъэпсэхупIэм европей мардэхэм тету щрагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм яшхиткIэ, абы щолажьэ Бельгием къраша Iэмэпсымэхэр зыщIэт жьыщIапIэ, щIакъхуэгъэжьапIэ. Апхуэдизу кьыхэсэгъащIапхъэ бжьыГуэ ельэжьаргэ сыт щыгъуи зи хъунщ зрагъэбагъуэ мэл гуаргэрэ зэраIэри. Апхуэдэ зыщIыпIи иджыпстукIэ зэпухьэпIэнукъым. Лъэныкъуэ псомкlи зыкъэ хуэзыу зэжьыгъэр кьызэрыгъэгъэпщам и фIыгъэкIэ, зыгъэпсэхуакIуэхэр ерыскъы кьабдзэкIэ, кьэуат зыщIэдзкlэ ягъэшхэну зэрыхэфкlэ.

«Псей щхьэнтIэхэм» нобэ яIэщ Тамбуканэ и лъащIэм кьыщIах ятIэмкlэ, псы хущхьэу зэмылIэужьыгъуэхэмкlэ (йод, бром, озон зыхэтхэмкlэ) ди щIыналъэм кьыщыкlуэ хущхьэхэмкlэ цIыхухэм щеГэзэ пэшхэр. Мыбдежьыр фо лIэужьыгъуэхэр кууу кьыщахъэсэбэпр.

Зи гугъу тщIы санаторэр ирогушхуэ Верхнекамск кьыщIэхьапIэхэм къраша, калийр магнийкlэ кьулей щыгъуэхьIхэмкlэ цIыхухэм еIэзэну Iэмал зэрагъэмы. Псом ящыхэрагъпIэ ди щIыналпIэр хуэдэ щымыIэу дахэщ, жьыр щыкъабзэщ, зыгъэпсэхупIэм и хьуреягъкlэ псей щхьэнтIэ кьудейуэ 500-м нэс щагъэкIуэдащ. ЦIыхум и узынщагъэр егъэфIэкIуэнымкlэ апхуэдэ щIыуэпс кьулейм и мыхьэнэр гъунапкъэншэщ. Дохутырхэри хущIокъу зэ мыбы щыIахэм иныжкъэ кьыщIытрагъэзэн Iуэхутхъэбзэ щIэхэр зэрыхуащIэным.

ЛЬОСТЭН Муз.

Тхылъхэм къахохъуэ

● Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет

«Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхылъ ухъумапIэм и гъэтIылъыгъэхэм тIхъалъ хэпIалъхьауэ 100-м щIигъу къахэхъуащ», - жеIэ мы еджапIэм и библиотекэм и лэжьакIуэ КIэш Зэремэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщ 2011 гъэм «Библиотекэм тхылъхэр тыгъэ хуэщI» Iуэхугъуэр КъБКъУ-м и тхылъ хъумапIэм къыхилъхьауэ зэрыщытар. Нобэ зэпэубыда хъуа тхылъ куэдым «етIуанэ гъащIэ» зэрагъуэтыжар нэрылъагъу пщохъу, я гумрэ я псэмрэ кьабгъэдэкIыу студентхэм библиотекэм кьыхуащIа тыгъэ нэсхэм я напэкIуэцIхэр щыхэбгъэдэкlкlэ. Абыхэм яхэтщ егъэджэныгъэм ноби кьыщыбгъэсэбэн хъуну кьыдэкIыгъуэ зэхуэдэ, тхъидэм теухуауэ тхылъ зэпэубыдахэр, зи мыхьэнэр зэи мыкIуэдыну методикэ литературэ хьэлэмэтхэр.

Жэрдэмыр кьыхэзылъхьахэм кьыззэрыхагъэщамкlэ, псом хуэмыдэу гуэрэ щщохъу компьютер щIэныгъэм бжьыпэр щиубыда ди лъэхъэнэм тхылъ еджэным дихьэх студентхэри зэрымымащIэр. Апхуэдэу фIыщIэ яхуэфащэщ кьыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныр зи лъабжьэ мы Iуэхум жьыджэрагъ яхэльу кьыхыхьа дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми.

Гуапагъэмрэ щIэныгъэ егъэгъуэтынымрэ яхуэгъэпса мы Iуэхугъуэр зэпымыууэ егъэкIуэкIыы хуейуэ трауэхущ икIи курс нэхъыжьхэм щеджэ студентхэр кьыхураджащ дыкъэм еджапIэр кьыщацухкIэ, ахэр зэреджа тхылъхэр библиотекэм и фондым тыгъэ хуащIыну. Апхуэдэ зэдэзэжькlэм и фIыгъэкIэ тхылъ хъумапIэр нэхъ кьулей зэрыхъунум, и зэфIэкIкlэмрэ щIэджыкIакIуэ-хущIэ Iуэхутхъэбзэхэмрэ зэрыхэхъуэнум шэч кьытрахъэркъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ерчэн Темболэт и псалъэ. Абы кыьбгъэдэтщ Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд.

ТекIэныгъэм и гъэзгуанэ

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Украинэ къэралым и щэкIэ автомобиль зекIуэм хэт гупым я нэхъыжьхь Слюсаренко Олег Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и унафэщIэм, цIыху псоми гуапагъэу къыкIэлъыIэрахьам папщIэ фIыщIэ ин яхуищащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, МафIэ мыужьыхьым и пащхьэм деж щыIуфэ Бэракъ Плыужьыр Мэзкуу накьыгъэм и 8-м нахьэсынущ. Абы и пэ кьихуэу гупым километр мин 15 зи кIыхьаръ гъэзуанэр икIуну, Украинэм, Белоруссием, Урысейм я щIыналъэхэм хиубыдэ Кьалэ-Лыхъужьхэу 13, зауэлI щыхьым и кьалэу 35-рэ, Хэку зауэшхэм и орден зратауэ 10 кьыззхакIухьнущ.

Зэхуэсым и кIэм хьащIэхэмрэ бысымхэмрэ, Прохладнэ куейм хиубыдэ Октябрьскэ къуажэм кьыщыззрагъэпэща кадет школым щеджэ цIыдухэр я гъусэу, уд гъэгъакъэр МафIэ мыужьыхьым тралъхьащ.

«ТекIуэныгъэм и гъэзгуанэхэмкIэ» зекIуэр дабыгъащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм СНГ-м и Іуэхуэхмрэ зэхэкъуэгъуэхэр зэпыщIэнымкIэ и комитетым, Урысей зэхэкъуэгъуэхэм я зэгухьэныгъэхэм и Іуэхуэхэр зыубзыхьу советым, ветеранхэм я «ЗауэлI зэкъуэшхэр» дунейпсо зэгухьэныгъэхэм «Урысей зэкъуэтым» и щIалэгъуалэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Эдинэ *трихащ.*

● Пшыхьхэр

ХьэIупэ Джэбрэил и вагъуэ

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм гъатхэпэм и 30-м щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуэ композитор цIырыIуэ, усакIуэ, УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм Шостакович и цIэр зэриихьу ит Къэрал саугъэтым и лауреат, Урысейм Адыгэ Республикэм гъэзэджхэмкIэ щIыхь знЗ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфща, дн республикэм и цIыкубзэ артист ХьэIупэ Джэбрэил и щIыхь дахэ.

ЗэIущIэр къызэIуэныхэр «Къэбэрдей-Балькъэрым и телевиденэмрэ радиомрэ» къэрал Іуэхущапэм и унафэщIым и кIуэдзэ Гъуфэ Бэлащ. Ар гуапэу схъуэхъуащ Джэбрэил икIи абы и цIыху щIыкIэмрэ и лэжьыгъэмрэ кIэщIу кьытеувыIащ.

- ХьэIупэм и гъащIэр зэрыщIыту зытегъэпсыхьар гъуэзджэм хуэлэжьныгъ. Ар зэи епщIыжьыкьым музыкэм, сыт хуэдэ Іуэхум пэрымыхьами, гу хьэлэлрэ псэ кьабзэкIэ ар зэфIигъэкIащ. Зегъэр и зэфIэкIыр лъагапIэм нигъэсри, ар зы махуи игъэлъэхьыжакъым, и дуней лъагъукIэр, зэхэщIыкIыр игъэнэIуэным и гупсысэр хуэгъэпсыгъуэ щыташ. Гъуазджэм, щэнхабзэм пэжьыжьэ щIыхухэми гъуаззу яIэщ Джэбрэил. Псэм зэрызебгъуэзэщIыфынym и щапхъэр ар абыхэм я дежкIэ. Хьэрэшым щIэдIу, уахътынщагъэм зи зэманыр пызыщIэфа усакIуэр хэт - классик, гъащIэм зыужьыныгъэрэ дахагъэрэ кьыщыкъзыльхьуэу, ахэм хуэнэхъуеиныр щIыху? Жэуапу ягъэтыр мыращ: гущIэгъуэщхуэу зыхъль, ди гъащIэм кьыщыхьхэмкIэ жэуап зыхьу зыкъэзылытэ щIыхуищ, музыкант лъэщщ, - жиIащ Бэлэ.

Абы псалъэ иритащ ХьэIупэм и ныбжьэгъу, КъБР-м и щIыхьэ суртэщIу, ХудожественнэмкIэ Урысей академиемкIэ и академик КIыщ Мухьэдин. КIыщым и псалъэм кьыхигъэщащ Джэбрэил пщIэщхуэ щIыхуищIыр и талантым зэримызакъуэр. «Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмрэ я гъуэздджэмрэ епхауэ щекIуэкI Іуэхугъэу псоми хэтщ ар, и Іуэху епльыкIэр наIуэу, адыгэбзэ гъэхуакIэ псалъэу. ЩIэблэм гъэсныгъэр щIэныгъэрэ яхельхьэ. УщикIэкъым, атIэ щапхъэкIэщ. Езым щIэныгъэщхуэ бгъэдэльщи, узыIэпещэ. Си гуапэ мэхъу Москва сыщыIэу абы и зэчиймрэ зэфIэкIымрэ теухуа ягъэхьабару щызэхэхIэ», - жиIащ КIыщым. Мухъэдин къыбгъэдэкI тыгъэр - Джэбрэил и суртэр - гуапэ щыхъащ зи махуэр зыгъэльапIэм.

Утыкур хуит хуащIащ пшыхьыр кьыщIызэрагъэпэща ХьэIупэ Джэбрэил икIи адэкIэ зэIущIэр езым иригъэкIуэкIащ. Псоми фIыщIэ яхуищIащ зэман кьагъуэту, езым гушыIэу зэрыжиIащи, «и жьыгъэ дагъэльапIэну кьызэрыкIуам» щхьэкIэ.

Джэбрэил псалъэ иритащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Хянаевэ Іэминат. Ар къеджащ Къанокъуэ Арсен кьыдигъэкIа унафэм, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр кьыізэрыхуагъэфэщам теухуам.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фыдрэ Руслан кьыбгъэдэкI хьэхъуэ псалъэхэм кьеджащ абы и кьуэдзэ Карчаевэ Аминэ.

ХьэIупэм хьэхъуэ телеграммэ зыбжанэ, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм кьикIыу, кьыIэрыхьащ. Апхуэдэхщ, псалъэм папщIэ, Урысейм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьмадэ Казенин Вячеслав, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Жэмыфэ Гъэзий, композитор, УФ-м, Адыгейм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Нэхей Аслъэн, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьмадэ Ажахьуэ КьащIощий, зи уэзыншагъэм зыщIэрымыхьым кьыхьжIыу пшыхьым кьримыхьэлIэфа композитор цIэрыIуэ Кьардэн Хьэсэн и тхыгъэр, нэгъуэщIхэри.

ХьэIупэ Джэбрэил и Іэдакъэщ Іэкъэм щыщ игъэзэщIащ Къэрал филармонием и симфоние оркестрым, УФ-м и цIыхубзэ артист Темыркан Борис зи дирижер игъэхьащхьэм. «Адыгэ щIалэгъуалэ» увертюрэм», «Сабиигъуэ гукъэкIыжхэр» сюитэм, «Сказки седых гор», «Псыхэгъэ» симфоние зэжьыгъэхэм я Іыхьэхэм едэIуэу пшыхьым кьрихьэлIахэр. Музыкэ театрым и уэрэджьIакIуэ пашэ Мамбэт Мадинэ игъэзэщIащ ХьэIупэм итхьжа «Хьыджбз уэрэдхэр». Абыхэм я дежкIэ щIэщыгъуэу икIи гуапэу кьыщIэхIащ сабий уэрэдхэм ящыщ зыбжанэ Къашыргъэ МухьэмэдзырыкIар. А псом я зэхуакум дэтащ Джэбрэил и уэсэжр, лъэпкым, лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр, и гуныкьэгъуэгъэ кьызэрытхуиIуатэжр.

Уи щIыфэр игъэтхытхырт «Псыхэгъэмрэ» «КъащIий макъамэмрэ» зэгъуэсу щыIуэ. «КъащIий макъамэр» Джэбрэил итхащ и анэ Локьан и фешлуэ. Усэр жьпIэжьыну зэрыгуГъэм, адыгэм тхуэуам иджыри зэ дыкьеджэну зэрымылейм тетщIыхьу, фи пащхьэ идолъхьэ зи гугъу тщIыр.

Уи дахэр дахэт хьий икIауэ!
Уи Іейм нэхъ икIэ къымыхъуат!
Уи къафэ лъащIэм зэпычауэ
ЩIэлъ къэупсырщ си псэр зыдэтхъуар…
Сыпщыхъуми, хъуэныр дзэ схьыну?
Уи дахэр уэрщ зымыдэжар.
ЩIэсынIэ уэркIэ сыщIихьэну
Уи фащэр яБзри ядыжащ…
Уи хабзэр Тхьэхэм щаубзыхум,
Дахагъэм тIэкIу кьефыгъуэжат?
Уи хъугъуэфIыгъуэм пыщрщ сахуэм
Уи махуэр жащкIэ ихъужащ.
Джэдкъурт анэжьу, Іуащхьэмахуэ
Къурш льынтхуэр хишу зыщIиший
И пыырр, хэти псыхъэлъахуэт,
Хэт пшэху хьхъажуэ уэм щожей.
Лъеи зырызхэм хабзэ кIанэр
Дыгъэпсу щIыпхуэм кьрашкI.
Бэщэ ищIами лъэпкъыр нанэм,
Іэгъуанэм нэпсыр сфIыпожжкI.

Зы цIыхум и театр хъуат мы теплъэгъуэр. Джэбрэил кьыIуэта лъэпкъ гупсысэр апхуэдизкIэ куути, едэIуахэр зы зауэкIэ щыма нэхъыбI, Іэту еуэн щыщIадзар. ЖьпIэнурамэ, гухэхъуэт икIи уэзыгъэгупсысэт Джэбрэил и Іэдакъэщ Іэкъ курыхьэр лъабжьэ зыхуэхъуа пшыхьым щIэсыну. Гум, псэм зыщигъэпсэху зэгуущIэу ар зэрыщытам ирихьэлIа дэтхэнэ зыри щыхьэт техъуэфынущ.

ИСТЭПАН Залиф.

● Прохладнэ куей

Ныбжьыщ1э зэчиифI эхэр

«Прохладненская весна» район фестивалым и XXI зэIущIэм хьыхьэу екIуэкIащ «Музыкальная капель» II зэхьэзэхэхуэр. ЗэIущIэм и жэрдэмщIанIуэр Прохладнэ районым и щыпIэ администрацэрщ, къызэгъэпэщакIуэр Щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ район управленэрщ.

СОЛДАТСКЭ станицэм, Пролетарскэ, Учебнэ кьуажэхэм гъуазджэхэмкIэ я сабий еджапIэхэм, Прохладнэ районым гъуазджэхэмкIэ и школым и кьудамэхэм щеджэ ныбжьыщIэу 50-м щIигъу хэтащ абы.

Мыр кьызэзыгъэпэщхэм я мурад нэхъыщхьэр Іэщ1агъэ зэзыгъэгъуэт сабинхэм я гукъыдэжьр кьэлэтыныгъ, макъамэ Іэмэпсымэ зэмылэIуэныгъэхэр зи Іэпэгъуэм абы и еуэкIэм и щхэхуэр ящы мыгъэгъупщэныгъ, кьуаджэхэм щыпсэу ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр кьэхутэныгъ.

Зэхьэзэхуэр щекIуэкIащ Солдатскэ станицэм дэт Щэнхабзэмкlэ центрым. Ар Іыхьишу гушащэу щытащ: зи закъэуэ уэрэд жызыIэхэр, ансамблхэр, концертмейстерхэр.

«Мы гъэм зэпеуэм хэтахэм зэфIэкI нэхъ лъагэ кьагъэIэпъэгъащ, я макъыкIи, я артистыгъэмкIи, макъамэ Іэмэпсымэхэм зэреуэкIи», - жиIащ Щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ район управленэм и унафэщым и кьудзэ Подставкэ Ольгэ.

«Музыкальная капель»-м щIеткIуахэмрэ хэтахэмрэ щагъэлъапIэнущ «Прохладненская весна» фестивалым и гала-концертым.

Прохладнэ район администрацэм и пресс-Іуэхущапlэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Ильэс 13 тралъхьэ

Бахьсэн кьалэм и прокуратурэм Бахьсэн район судым щыдиIыгъащ УФ-м и УК-м и 105-нэ статьям и яп1 Іыхьэм, 158-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и «в» пунктым кьыщыгъэльэгъуа щIэпхьаджагъэхэр зэрилэжьамкIэ Бгъэжьнокъуэ Руслан Борис и къуэр къралым зэригъэкъуаншэр икIи хабзэ ткIий щызекIуэ колонием щыIэну илъэс 13-кIэ ягъэтIысащ.

ІУЭХУР щыізэхагъэкIым кьыізэрахутамкIэ, 2010 гъэм щыщкьэIым и 21-м, зэрызэгурыIуам тету, сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 40-хэм дэж Бгъэжьнокъуэ Руслан и нэIуасэ щыхубзым хуэзэри, «БМВ-520» автомашинэмкIэ Дыгулыбгъуей кьуажэм и щIыналъэм хьхьэ «Кавказ» федеральнэ гъэзэгум и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм зы километррэ ныкьуэкIэ пэжьыжьэу кьыщIыувыIащ. Шампанскэ птулькIэ зэдрафа нэужь, сыхьэт 15-хэм хуэзэу, фыгъуэм кьыхэкIыу, а тIум я кум кьаугъэ кьыдэхъуащ. Мо чэфыр щIыхубзым и нэкIум зыбжанэрэ хуищIэу Іэгъукlэ хэуащ, и щхьэм Іэштымкlэ зэ еуащ.

И мурад бзаджэм пищу, зызымыщIэжу щыIэ щIыхубзым бензин трикIэри, мафIэ щIидзэжащ. Игъэзэта фэбжьым ар кьелажьым. Бгъэжьнокъуэ Руслан нукIам и хьэпшыпхэмрэ абы иныгъа сом мин 34-м нэблагъэмрэ зыкIэщIнупIэри, и щхьэ Іэухуэкlэ кьигъэсэбэнащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапlэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Іэщ1э гъэтIылъыгъэ

КъБР-м щыIэ МВД-мрэ УФСБ-м и Іуэхущапlэу республикэм щыIэмрэ зэщIыгъуу Налшык къалэ и Ельбрусскэ уэрамым тет «Лада» гараж кооперативым и щIыпIэм Іэщ1э гъэтIылъыгъэ къыщыгъуэтащ.

АБЫХЭМ яхэлъ «МОН-100» лагъыбмэ ещхь кьагъауэ Іэрыщ1 Іэмэпсымэу 2. БгъэIэпхъуэну шыкагъуэ зэрыпылъым къыхэкIыу, СВУ-хэр щIыпIэм дэж къащIагъэуащ. Іэщ1агъэлIэхэм къызэралытэмкIэ, дэтхэнэми тротил килограммэ 3-м хуэкIуэ лъэщагъ яIэт.

КьищынэмыщIауэ, къагъуэтащ грамм 400 хуэ тротил щапкэу 3, грамм 800 и хьэлъагъуэ 1, «ВОГ-25» шэ, детонатор капсулэу 2, Іэкlэ ядэ гранатэхэр къызэрагъауэ, бронежилет, Іэщ1э Іэмэпсымэу зыгъ дыдэ.

А псори КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

ЯIэ хэбарымкIэ, Іэщ1э гъэтIылъыгъэхэр 2012 гъэм Налшык къалэ щаукIа, Іэщ1экIэ зэщIэузэда бзаджаШIэхэм ящыщхэм яйщ.

Къэрал кIуэцI Іуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбарэхэмрэ жылагъуэ зэпыщIнытъэхэмкlэ и Іэнатlэ.

И Іыхьлым йодыгъуэж

Сэрмакъ кьуажэм щыIэ уней лъапсэм кьыщадыгъэ сом мин 35-р зейм Іэрагъэхьажащ. Урысей Федерацэм и МВД-м Дзэлыкъуэ куеймкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм а щIэпхьаджагъэ зэхэзыщIыхьар хэтми зэман кIэщIым сэтей кьащIащ.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ ар илжьауэ зыщ хуащIащ лей зытельаным щыгъуэу псэу и Іыхьлы щIалэм. Ахэр щыуакъым икIи ядыгъуэ зыылъкъум щыщ Іыхьэ абы кьыкъуахащ.

Яубыдам теухуа уголовнэ Іуэху кьаIэтащ. Абы илжьакIэ зиумысыжащ.

Къэрал кIуэцI Іуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущапlэ.

● Футбол

Сыт иджы яхъуэжкIэ?

«Тэрч» (Грозн) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (1:0). Мэлыжьыхьым и 6-м. Грозн. «Ахмат-арена» стадион. Щыху 6000 епльащ.

Судьяхэр Сухинэ (Малаховкэ), Семенов (Гатчинэ), Цветнов (Мэзкуу).

«Тэрч»: Годзюр, Коморвски (Мурихин, 58), Йиранек, Полчак, Ятченкэ, Рыбасев, Маурисио (Адилсон, 90), Павленкэ, Бажэ, Лебеденкэ (Садаев, 84), Асильдаров.

«Спартак-Налшык»: Будаков, Джудович, Куликов, Багаев, Аравин, Захирович, Щанцин, Рухаиа, Концедалов (Буйтрагэ, 89), Фомин, Гъэущокьуэ (Скворнюк, 46).

Топыр дигъэкIащ: Маурисио, 25 (1:0). Полчак, 83 (2:0).

Дагъуэ кьыхуащIащ Йиранек, Рыбус, Багаевым, Куликовым, Джудович, Концедаловым.

Джэгум хахуащ Захировичи.

МЫГЪЭРЕЙ джэгугъуэр сыт и лъэныкъуэкIи кьыізэмыхьлIэ «Спартак-Налшыкыр» мэлыжьыхьым и 6-м Грознэ кьалэ щыIущIащ щIыпIэ «Тэрч»ым. ЗэIущIэр хэгъэрейхэм жыдджэру кьыщIадзащ икIи дакъикъэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIауэ бжьыгъэ кьызэIуахащ. ХьэщIэхэм я штрафнюйм и нхьэпIэм Маурисио топыр кьыщыIэрыхьащ. Кьыпежьа гъуащхьэхъуэмэхэм тынш дыдэу кьыпекIуэкIри, ар пЪэщу гъуэм еуащ. Будаковым пэжьыжь пIланэпэм Іьатэтопымкьыхуегъэгъэзакъым - 1:0.

Хэгъэрейхэм дагъэкIа тобым нужьыкIэ зэман нIэщIкIэ я лъэныкъуэмкIэ нкIуэтлъжащ. Абы и фIыгъэкIэ ди щIалэхэми Іэмал ягъэущ контратакэ закъуэтIакъуэхэр кьызэрагъэпэщыну. Апхуэдэу нашыкьдсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм хэту топыр кьызыIэрыхьа Гъуэщокъуэр зымащIэкIэ гъуэм хуэзакьым.

ЕтIуанэ Іыхьэри «Тэрчым» жьыдджэру иригъэжьащ. Епщlанэ дакъикъэр екIуэкIыу грознэдэсхэм бжьыгъэр ягъэбэгъуэну Іэмалыфl дыдэ яІэщIэкIащ. Гупышхуэу ебгъэрыкIуэныгъэ кIыхь езыгъэкIуэкI хэгъэрейхэм яхэту Рыбус топыр

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

«А» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зенит»	38	21	14	3	73-32	77
2. ЦСКА	38	17	15	6	66-40	66
3. «Спартак»	38	18	11	9	59-40	65
4. «Локомотив»	38	18	9	11	55-37	63
5. «Динамо»	38	18	9	11	59-44	63
6. «Рубин»	38	16	14	8	48-32	62
7. «Анжи»	38	16	12	10	43-35	60
8. «Кубань»	38	15	10	13	43-38	55

«Б» гупым

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
9. «Краснодар»	38	14	10	14	49-52	52
10. «Амкар»	38	12	11	15	31-43	47
11. «Тэрч»	38	12	8	18	37-54	44
12. «Ростов»	38	11	9	18	38-53	42
13. «Волга»	38	11	5	22	32-47	38
14. «Крылья Советов»	38	8	13	17	25-47	37
15. «Томь»	38	6	11	21	24-65	29
16. «Спартак-Налшык»	**38**	**6**	**9**	**23**	**30-53**	**27**

ЗэIущIэ нэужьым

ТАШУ Сергей,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхьащIхьэ:

Гъуащхьауэ диIэкъым

- Ди егъэрыкIуэныгъэм хуабжьу дагъэшхуэ иIэщ. Гъащхьауэрэ щIалэщ, кьищынэмыщIауэ, Гъуэщокъуэм и фэбжьыр мыхьужауэ губгъуэм кьидгъэхьэн хуей хьуащ, Болэр къэралым и щIалэщIэхэм я командэ кьыхэхэхам ираджащ. Митришвери сымаджэхэ, джэгуфакъым. Араши, топыр кьыпIэрохьэ, арщхьэкIэ ди хьэрхуэрэгъуэхэм я гуэм ар нэтхьэсыфыркьым.

ЧЕРЧЕСОВ Станислав,
«Тэрчым» и тренер нэхьащIхьэ:

Дызыхуейр зыIэрыдгъэхьащ

- ЗэIущIэм и етIуанэ Іыхьэр нэхъ кьыідэхьуIауэ кьызолытэ. ТопитI хьарзынэу дэдгъэхIащ икIи дызыхуэныкьуэ очкохэр зыIэрыдгъэхьащ.

- **Мурихин и яп1э зэIущIэр дауэ кьыщIыхьуа?**

- Гъущхьауэм я яп1э зэIущIэм топ щыдигъэкIыну Іэмалыфl дыдэ иІащ, ауэ зыма щIэжь кьеХуэлIакъым. Командэм и текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищIащ. ЩIалэмэ сы-арэзэщ.

КЪЭХУН Бэч.

«Тэрч» (Грозн) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Мэлыжьыхьым и 5-м. Грозн. Билимхановым и цIрдэ щыIэ стадион. Щыху 800 епльащ.

Судьяр **Верулидзе (Владикавказ).**

«Тэрч»: Эдилов (Сикич, 46), Гвазавэ, Кадыров (Тохосошвили, 69), Адаев, Давлетукаев (Муслуев, 80), Барзукаев, Шаханов, Усманов (Мурихин, 46), Тагилов, Ахъядов, Тагиров (Исламов, 73).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Овсиенкэ, Сирадзе, Тебэрды, Абазэ, Балэ (Чеботару, 62), Мырзэ (КъэущIысокъуэ, 85), Ковальский, Щэуей, Хьэгъэбанэ (Мэкъуауэ, 65), Гъуфр.

Топхэр дагъэкIащ: Мырзэм, 20 (0:1). Ашахановым, 88 (1:1).

Дагъуэ хуащIащ Тагировым, Давлетукаевым, Ашахановым, Барзукаевым, Адаевым, Сирадзе, Мэкъауауэм.

«СПАРТАК-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым, мыгъэрей зэхьэзэхуэр фIы дыдэу езыгъэкIуэкIым, зи чэзу текIуэныгъэр кьахьынымкьыжьаIуэ бжьыгъэхэм: *«А» гупым* - **«Локомотив» - «Зенит» - 1:1, «Динамо» - «Рубин» - 1:3, «Спартак» - «Кубань» - 1:0, ЦСКА - «Анжи» - 0:1; *«Б» гупым* - «Волгэ» - «Крылья Советов» - 2:3** (командитIми кьыщыхъжаныкIащ топ зырыз дэзыгъэкIа ди къэзыгъуэу Аппаев Хьызырэр Пащты Руслан?), **«Амкар» - «Ростов» - 1:2, «Локомотив» - «Зенит» - 0:2, «Краснодар» - «Томь» - 1:1.**

МЭЗКУУ КьащIобий.

● ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Дакъикъитlкlэ яхуэзэчыжакъым

гъэр кьызэIуихащ. ИужькIи ди щIалэхэм тепщэныгъэр яутIыпщакъым икIи мызэ-мытIэу зыгъэгъэкIыфыну щытащ.

Апхуэдэхэм и деж кьызэрыхьуу, зи Іэмал куэдыр кьэзымыгъэсэбэнахэм езыхэм тотIыпкIэ щыгъэгъэкIащ - 88-нэ дакъикъэр екIуэкIыу хэгъэрейхэм бжьыгъэр зэхуэдэ ящIащ. Абы и зэранкIэ ди щIалэхэм текIуэныгъэр яхуэхьумакъым икIи очкоитI яфIэкIуэдауэ пльытэ хьунущ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ адрей командхэр иужьу зэрызэдэджэгуам кьарикIуа бжьыгъэхэм: *«А» гупым* - **«Локомотив» - «Зенит» - 1:1, «Динамо» - «Рубин» - 1:3, «Спартак» - «Кубань» - 1:0, ЦСКА - «Анжи» - 0:1; *«Б» гупым* - «Волгэ» - «Крылья Советов» - 2:3** (командитIми къыщыхъжаныкIащ топ зырыз дэзыгъэкIа ди къэзыгъуэу Аппаев Хьызырэр Пащты Руслан?), **«Амкар» - «Ростов» - 1:2, «Локомотив» - «Зенит» - 0:2, «Краснодар» - «Томь» - 1:1.**

МЭЗКУУ КьащIобий.

Редактор нэхъыщIхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Етэтан Залиф, Кьардэн Маритэ, Хьжьыкъэр Алик.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымк и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; къэзыгъэмэ Іуэхущапlэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIапlэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапlэм - 42-26-41; суртэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытахъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ нодп1 зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитынымрэ хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Іуэхущапlэм №ГI-0065-м щIэту яткащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленинымк и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжкIыгъуэм елэжьыхэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактор Истэпан Залиф, корректорхэр Щоджэн Иннэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэзэтыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр зыщIащ* Ныр Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *суртэхэм елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щызэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №921